



PREMYE KOZE A

Chapant Levanjil Mak la menm ni ak pa Matye a, ni ak pa Lik la. Men li gen bagay anndan l ki pa menm. Menm si twa Levanjil sa yo sanble anpil (poutèt sa yo rele yo «*Sinoptik*») Mak te sèvi ak lòt materyèl ki sòti nan yon lòt sous. Depi finisman premye syèk la oswa kòmansman dezyèm syèk apre Jezi Kri, dokiman yo di se Mak ki te ekri dezyèm Levanjil la. Men poukisa gen moun jodi a ki di se Levanjil Mak la ki te ekri an premye, epi Matye ak Lik te sèvi avè l pou yo ekri pa yo a? Men kijan yo kapab esplike sa: Matye te ekri premye Levanjil la nan lang arameyen. Se yon Levanjil ki pèdi, nou pa jwenn tras li jodi a. Levanjil Mak la te vin ekri apre sa nan lang grèk. Yo te sèvi avè l pou yo ekri dezyèm Levanjil Matye nou genyen jodi a ki nan lang grèk. Se Levanjil sa a ki pi long epi yo te site pi souvan.

Konsa nou kapab di Levanjil Mak la se premye Levanjil ki te ekri nan lang grèk, men pa Matye a pase pou premye, paske te gen yon Levanjil Matye nan lang arameyen anvan sa, epitou se Levanjil sa a Zansèt nou yo nan Legliz la te site pi souvan. Mak te ale Wòm ak Pyè, kote li te jwenn ankò ak Pòl. Li te ekri Levanjil li a pou kretyen ki sòti nan mitan pèp etranje yo. Li pa di anyen sou Jezi timoun. Li kòmansè dirèk ak angajman Janbatis te pran nan mouvman pwofetik li a ki te kòmansè bò lane 26. Nan Levanjil li a, li vle montre Jezi moun toutbon vre, e li se Pitit Bondye toutbon vre. Yo kwè Levanjil Mak la te ekri ant lane 64 ak 70 konsa.

Men chapant Levanjil Mak la :

- Jezi prepare misyon l (1,1-13)
- Misyon Jezi nan Galile ak an deyò Galile (1,1–10,52)
- Misyon Jezi Jerizalèm (11,1–13,37)
- Soufrans ak leve byen vivan Jezi (14,1–16,8)
- Yon ranmase sou aparasyon yo (14,9-18)
- Jezi monte nan syèl (14,19-20)

Prèch Janbatis

Mt 3, 1-12; Lk 3, 1-17; Jn 1, 19-28

1 ¹ Kòmansman Bon Nouvèl Jezi Kri a, Pitit Bondye, ² jan sa ekri nan liv pwofèt Izayi a :

Men m ap voye mesaje mwen an devan fas ou

Se li menm k ap pare wout ou a

³ *Vwa sila k ap rele nan dezè a :*

Pare wout Granmèt la, fè chemen li yo vin dwat.

⁴ Jan, sila a k ap batize a, rive nan dezè a, li t ap preche yon batèm pou moun chanje kè yo, pou peche yo efase. ⁵ Tout moun nan peyi Jide, ansanm ak tout moun Jerizalèm yo, te sòti vin jwenn li. Yo tout yo resevwa batèm nan men l, nan larivyè Jouden an, antan yo t ap deklare peche yo.

⁶ Jan te abiye ak po chamo, ak yon senti po nan tay li. Li te konn manje krikèt ak siwo myèl bwa. ⁷ Li t ap pre-

che antan l ap di : « Sila ki pi fò pase mwen an, ap vini apre mwen, mwen pa merite bese pou mwen lage kòd sapat li yo. ⁸ Mwen menm, mwen batize nou nan dlo, men li menm, l ap batize nou nan Lespri Sen an. »

Batèm Jezi

Mt 3, 13-17; Lk 3, 21-22

⁹ Rive, jou sa yo, Jezi sòti Nazarèt nan Galile, li vin resevwa batèm nan men Jan nan larivyè Jouden an.

¹⁰ Menm lè a, antan l ap sòti nan dlo a, li wè syèl la louvri, epi Lespri a tankou yon pijon k ap desann sou li. ¹¹ Yon vwa sòti nan syèl la : « Ou se Pitit mwen, sila mwen renmen anpil la, nan ou mwen jwenn kè kontan mwen. »

Tantasyon Jezi nan dezè a

Mt 4, 1-11; Lk 4, 1-13

¹² Menm lè a, Lespri a pouse l nan dezè a. ¹³ Li te nan dezè a karant jou.

1,1 : Kòmansman Bon Nouvèl Jezi Kri a... Sa a se tit tout Levanjil Mak la. Mak anonse nan tit liv li a, tout bèl bagay ki kòmans ak Jezi yo. Se nouvo kòmansman an, se yon bagay tounèf. Jezi pa kontinye Premye Kontra a. Bon Nouvèl la se Jezi Kri, Pitit Bondye a menm. Lavi l se yon Bòn Nouvèl pou pèp la.

1,2 : Jan sa ekri nan liv pwofèt... Ak pawòl pwofèt Izayi Mak rezime wòl Premye Kontra a te genyen nan misyon Janbatis la : pare chemen pou Granmèt la. Janbatis anonse Moun Bondye voye a pral vini. Se ak li, se nan li, n ap jwenn delivrans Bondye a.

1,3 : Vwa sila k ap rele nan dezè a... Nan dezè a Jwif yo te kòmans viv tankou yon pèp ki lib. Nan dezè a yo te konnen Bondye, epi tout moun te egal ego. Sa vle di Jan rele pèp la pou li kòmans yon delivrans tounèf, yon egzòd tounèf, yon sosyete tounèf. Jan te mete yon mouvman konvèsyon sou pye, pou chanje lavi moun ak chapant sosyal ak chapant relijye peyi a. Prèch Janbatis la te souke tout pèp la.

Pare wout Granmèt la, fè chemen li yo vin dwat... Wout la reprezante lavi pèp la. Jan vle pare pèp la pou li resevwa Jezi Kri. Pèp la pa t mache kòrèk, jan Bondye vle li a.

1,6 : Jan te abiye ak po chamo... Nan fason Jan te abiye ak nan fason li t ap manje, li te montre li pa dakò ak sosyete a, li montre li gen lespri pwofèt Eli sou li.

1,7 : Mwen pa merite bese pou mwen lage kòd sapat li... Wete sapat nan pye yon moun vle di wete dwa li genyen nan men l (Detewonòm 25,

5-11; Rit 4,7). Nan wete sapat la nan pye l, mèt sapat la renmèt dwa li genyen pou li marye ak fi a. Konsa si yon madanm te pèdi mari l epi li pa t fè pitit, bòfrè li te dwe marye ak li pou bay frè ki mouri a yon pitit, pou non li pa t disparèt sou tè a. Si bòfrè a pa vle marye ak madanm lan, madanm lan lage sapat lan pye bòfrè a, wete l lan pye l. Se siy pa gen kontra ant de moun sa yo. Isit la Janbatis fè konprann se Jezi ki Mesi. Li pa kapab wete sa nan men l. Se Jezi ki mesye marye a (Mk 2,19), k ap fè yon sèl ak pèp la. Jan batis pa kapab wete dwa sa a nan men l.

1,10 : Jezi te vin bò larivyè Jouden an... Apre Jwif yo te fin travèsè dezè a, yo te travèsè larivyè Jouden an pou yo antre nan tè Bondye te pwomèt yo a. Jezi desann nan larivyè Jouden an, pou li bay pèp la sa Bondye te pwomèt toutbon vre a. Jezi te kòmans misyon li a apre li te resevwa batèm nan men Janbatis. Gen twa senbòl nan batèm Jezi a :

–*Syèl la louvri* : Chèf Jwif yo te fè kwè Bondye te rete nan Tanp lan sèlman, dèyè yon rido, ann-dan yon ti chanm, sèl prèt yo te kapab antre nan kote sa a, pèp la pa t kapab antre, li pa t kapab pale dirèk dirèk ak Bondye. Se ak Jezi syèl la louvri, sa vle di, tout moun kapab pale ak Bondye. Nan Jezi Bondye ofri Pèp tounèf li a, posiblite pou li rankontre dirèk dirèk ak li.

–*Lespri a tankou yon pijon desann...* Anvan Bondye te kreye tout bagay, Lespri Sen an te plannen sou dlo tankou yon pijon (Jenèz 1,2). Ak Jezi, Lespri Sen an ap kòmans yon kreyasyon tounèf. Nan Premye Kontra a, lè Lespri Sen an desann sou yon moun se te pou li ba li yon

Iz 40,3

T Ap 13,24; Iz 1,16; 4,4; Ezk 36,25

Lev 5,5; Sòm 32,5

2Wa 1,8

Iz 11,2; Jn 1,26; T Ap 1,5

Mt 3, 13-17; Lk 3, 21-22

Iz 63,19; Jn 1,32

Iz 12,6; Sòm 2,7; Iz 42,1

Mt 4, 1-11; Lk 4, 1-13

Eb 2,18; 4,15; Jb 1,6

Satan t ap sonde l. Li te ansanm ak bèt sovaj yo. Zanj yo t ap sèvi li.

Jezi kòmanse preche

Mt 4,12-17; Lk 4,14-15

Mt 4,
12-17;
Lk 4,
14-15;
Jn 3,24

¹⁴ Apre yo fin arete Jan, Jezi rive Galile, li t ap preche Bon Nouvèl Bondye a. ¹⁵ Li t ap di : « Tan an rive, reny Bondye a tou pre : chanje kè nou epi kwè nan Bon Nouvèl la ».

Gal 4,4;
Wm 1,1;
1Tes 1,5;
Kol 1,5

Jezi rele kat premye patizan l yo

Mt 4,18-22; Lk 5,1-11

Mt 4,
18-22;
Lk 5,
1-11;
Jn 1,40

¹⁶ Antan li t ap mache bò lanmè Galile, li wè Simon, ak Andre, frè Simon an, k ap voye senn nan lanmè a. Se pechè pwason yo te ye. ¹⁷ Jezi di yo « Vin dèyè mwen, epi m ap fè nou tou-

nen pechè moun ». ¹⁸ Menm lè a, yo kite senn yo, yo swiv li.

1Wa
19,19-
20

¹⁹ Li avanse yon ti kras pi lwen, li wè Jak, pa Zebede a, ak Jan, frè li a, yo te nan kannòt, yo t ap rapyese senn yo. ²⁰ Menm lè a, li rele yo. Yo kite papa yo, Zebede, nan kannòt la ak travayè yo, yo pati dèyè l.

**Jezi ap preche Kafanawòm—
Li geri yon moun ki te gen
move lespri sou li**

Lk 4,31-37

²¹ Yo antre Kafanawòm. Menm lè a, jou saba a, li antre nan sinagòg la, li t ap montre anpil bagay. ²² Yo te sezi pou prèch li a, paske li t ap montre yo anpil bagay tankou moun ki gen oto-

Lk 4,
31-37;
Jn 2,12
Mt 7,28;
Jn 7,46

fòs ki sòti nan syèl la, pou li fè travay li pi byen anfavè pèp la. Nan desann li desann sou Jezi, Lespri a montre Jezi plen fòs Bondye.

—*Yon vwa sòti nan syèl la « Ou se pitit mwen, sila mwen renmen anpil la, nan ou mwen jwenn kè kontan mwen. »* Jezi se Pitit Bondye renmen anpil la (Sòm 2,7), epi se sou li Lespri a repoze (Izayi 42,1) Pwofèt Izayi pale sou « Sevitè Bondye ki gen pou soufri anpil la. » Jezi te prezante tèt li kòm Sevitè ki gen pou bay lavi li pou delivrans pèp la. Epi Jezi vin montre plan sekrè Bondye Papa a, Pitit la ak Lespri a, aklè.

1,12 : *Menm lè a, Lespri a pouse l nan dezè a...* Dezè a reprezante epòk Kontra Bondye te pase ak Pèp la. Se senbòl tan yon moun osinon yon pèp bezwen pou li jwenn matirite li. Dezè a se kote fòs mal yo rete.

1,13 : *Karant jou.* Pèp la te pase karant lane nan dezè a apre li fin kite peyi lesklavaj la. Chif sa a reprezante tout lavi Jezi. Se tout lavi l Jezi te gen pyèj sou wout li.

1,14 : *Apre yo fin arete Jan.* Jan te fè Ewòd repwòch pou fason li aji mal (Mak 6,17-29). Flavivis Jozèf, yon Jwif ki te ekri listwa pèp li a, di Wa Ewòd te pè pou Janbatis pa pouse pèp la revòlte kont li. Poutèt sa, li te fè yo mete l nan prizon epi touye l. Sa montre nou kijan Ewòd pa t konprann anyen nan mouvman « chanje kè » Janbatis la.

—*Jezi rive Galile...* Galile se yon kote ki lwen Jerizalèm. Chèf yo pa t kapab kontwòle tou sa ki t ap pase nan Galile. Moun ki pa swiv Lalwa a al viv nan Galile. Lalwa Jwif yo pa otorize maryaj ak etranje, men nan Galile yo marye ak etranje. Poutèt sa Jwif yo gade moun sa yo kòm moun ki pa kòrèk. Yon moun ki pa kòrèk se yon moun ki pa zanmi Bondye, ki pa nan kondisyon pou li sèvi Bondye. Jwif ki te rete Jerizalèm yo te meprize moun Galile yo. Jezi al kote moun yo meprize yo rete, pou li kòmanse travay li a.

1,15 : *Chanje kè nou...* Jezi te vini pou yon chanjman total kapital ki anvayi tout lavi pèp la, nan tout nivo: pèsònèl, kominotè, famiyal, sosyal, ekonomik, politik, relijye. Tout moun dwe chanje lavi yo, yo dwe viv dapre volonte Bondye. Men pou yo chanje lavi yo ak sosyete a, fòk yo aksepte Bòn Nouvèl la, sa vle di, fòk yo viv sa Bòn Nouvèl la mande yo. Relijyon Jwif yo te montre se nan swiv tout Lalwa Moyiz la moun kapab fè volonte Bondye. Jezi menm fè nou konnen se nan chanje lavi nou, nan tounen yon lòt moun tounèf, yon moun fè volonte Bondye.

1,16 : *Li t ap mache bò lanmè Galile ...* Li t ap mache, sa vle di, li nan misyon. Bò lanmè se yon kote ouvè, tout moun kapab rive, kapab antre, ni Jwif, ni etranje.

1,17 : *Vin dèyè mwen...* Jezi rele moun pou pran angajman yo. Li te vini pou li reyini pitit Bondye yo ki te gaye, pou yo fè yon sèl pèp. Premye nwayo patizan yo se yon gwoup pechè nan lanmè Galile.

1,21 : *Yo antre Kafanawòm...* Mak pral prezante yon jounen nan lavi Jezi. Mak fè nou wè Jezi pa janm chita, li toujou an aktivite. Jezi te rete Kafanawòm. Lavi sa a ap tounen yon sant pou aktivite misyonè Jezi. Se te jou saba, yon jou yo mete apa pou Bondye. Fòk tout Jwif kenbe jou repo a. Lalwa a pa pèmèt yon moun fè yon travay jou saba. Si yon moun pa kenbe jou repo a, y ap touye li (Resansman 15,32-36).

Li antre nan sinagòg la... Sinagòg la andeyò Jerizalèm, se kote Jwif yo te reyini pou lapriyè, pou aprann Lalwa, pou pale sou pwoblèm yo. Yo pa t pote ofrann yo nan sinagòg la. Se nan Tanp Jerizalèm ase, yo te pote ofrann.

1,22 : *Yo te sezi pou prèch li a...* Jezi pa t pale menm jan ak pwofesè Lalwa yo, ki te toujou ap repete sa yon ansyen pwofesè te di. Jezi li menm te ba yo Bòn Nouvèl la ak pwòp otorite l.

rite, se pa t menm jan ak pwofesè Lalwa yo.

²³ Lè sa, nan sinagòg yo a, te gen yon nèg ki te gen yon lespri malpwòp sou li, li pran rele byen fò, ²⁴ li di: « Ey! Ki sa ki gen ant nou avè w, Jezi moun Nazarèt la? Èske w vin pou w detwi nou? Mwen konnen kilès ou ye: Sila a Bondye mete apa a. » ²⁵ Jezi menase l, li di: « Pe la! Sòti sou li! » ²⁶ Lespri malpwòp la souke l byen souke, li bay yon gwo rèl, li sòti sou li. ²⁷ Tout moun yo te sezi, sitèlman youn t ap mande lòt: « Sa sa ye la menm? Ki kalite nouvo prèch ak otorite sa a? Menm lespri malpwòp yo, li pase yo lòd, epi yo obeyi l. » ²⁸ Menm lè a, renonmen l gaye toupatou nan tout rejyon Galile.

Jezi geri bèlmè Simon an

Mt 8,14-15; Lk 4,38-39

²⁹ Menm lè a, antan y ap sòti nan sinagòg la, yo rive kay Simon ak Andre, ansanm ak Jak ak Jan. ³⁰ Bèlmè Simon te kouche ak lafyèv. Menm lè a yo pale l de li. ³¹ Li pwoche, li kenbe men l, li fè l leve, la tou lafyèv la tonbe, epi li kòmanse sèvi yo.

Mt 8, 14-15; Lk 4, 38-39; Mk 9,2; 13,3

Jezi geri anpil moun malad

Mt 8,16; Lk 4,40-41

³² Alabrindiswa, lè solèy fin kouche, yo mennen tout moun ki te gen maladi ansanm ak moun demon te kenbe yo, ba li. ³³ Tout lavil la te rasanble devan pòt la. ³⁴ Li geri anpil moun ki t ap soufri divès maladi, li chase anpil demon, men li pa kite demon yo pale, paske yo te konnen kilès li te ye.

3,11; 5,7

Jezi kite Kafanawòm ankachèt, epi l ap mache preche nan Galile

Lk 4,42-44

³⁵ Granm maten, byen bonè, li leve, li sòti, l al yon kote apa. La, li kòmanse lapriyè. ³⁶ Simon, ansanm ak moun ki te avè l yo, rapouswiv li. ³⁷ Lè yo jwenn li, yo di l: « Se tout moun k ap chèche w, wi! » ³⁸ Li di yo: « An n ale lòt kote, nan bouk ozalantou yo, pou mwen preche la tou, se pou sa mwen te sòti. » ³⁹ Li t ap preche nan sinagòg yo nan tout Galile, epi li t ap chase demon yo.

Lk 4, 42-44; Mk 6,46

Jn 18,37

3,7; 6,54; Lk 6,17

Jezi geri yon moun ki te gen lalèp

Mt 8,2-4; Lk 5,12-16

⁴⁰ Yon moun ki gen maladi lalèp vin kote l pou mande l yon favè. Li tonbe

Mt 8, 1-4; Lk 5, 12-16; Lev 13,45

1,23: *Yon nèg ki te gen yon lespri malpwòp sou li.* Lespri malpwòp se yon lespri ki lènmi Bondye.

1,24: *Li di: « Ey! Ki sa k genyen... »* Li te pale ak Jezi tankou ak yon lènmi. Jezi se yon danje pou li. Paske Jezi t ap pale pou chanje tout bagay.

1,25-28: *« Pe la! Sòti sou li! »* Moun nan epòk Jezi yo te konn wè maladi kòm travay demon yo te fè. Ak jès sa a Jezi montre nou li vini pou delivre nou anba pouwva nenpòt fòs ki vle anpeche Gouvènman Bondye a tabli sou tè a. Bri kouri nouvèl gaye. Ak anpil kè kontan moun yo t ap pale youn ak lòt, kijan yo sezi wè li te delivre moun ki anba lespri malpwòp. Yo santi Bondye aji nan mitan yo, pou li ba yo libète ak lavi.

1,29: *Belmè Simon te kouche ak lafyèv...* Lè Jezi antre nan yon kay, se lapè ak delivrans ki antre. Belmè Simon Pyè a kanpe epi touswit li mete tèt li nan sèvis moun yo.

1,32: *Labrindiswa...* Lè saba a fini, lòt jou a kòmanse. Pou Jwif yo jou a kòmanse lè solèy kouche, epi lannwit vin avan jou a (Jenèz 1,5). Tout moun te swiv Lalwa saba a, se pou sa yo prese mennen moun malad bay Jezi, apèn lòt jounen kòmanse.

1,33: *Tout lavil la te rasanble devan pòt la...* Jezi kòmanse travay li kòm predikatè k ap mache anonse Peyi kote Bondye Wa a toutan e tout kote. Jou sa a, Mak montre nou Jezi fè travay misyonè li Kafanawòm pandan tout lajounen, depi bajou kase jouk jou a fini. Epi li fè travay delivrans lan tout kote: nan sinagòg, nan kay moun, sou plas piblik.

1,35: *Li kòmanse lapriyè...* Jezi lapriyè anvan li travay. Li lapriyè apre li travay. Sa montre kouman fòs travay li sòti nan Bondye Papa a.

1,40: *Yon moun ki gen maladi lalèp.* Lalèp la se yon move maladi po. Yo te konsidere li kòm yon maladi atrapan. Poutèt sa moun ki gen lalèp yo te blije viv apa, andeyò popilasyon an. Epi lalèp la te yon maladi ki rann moun yo pa pwòp selon Lalwa, sa vle di yo pa nan kondisyon pou yo fè sèvis Bondye. Moun ki gen lalèp pa kapab manyen yon moun an sante, e yon moun an sante pa dwe manyen yon moun ki gen lalèp. Yo te mete yo apa nèt. Yo te gade l tankou yon piniyon Bondye (Levitik 13 ak 14).

Li vin jwenn Jezi. Li pa t swiv Lalwa, li te kite kote li te rete a pou li vin jwenn Jezi. Li met ajenou devan li. Jwif yo te konnen yo te dwe met ajenou devan Bondye sèlman, men, nèg sa a te

ajenou devan l, li di l: «Si w vle, ou kapab geri mwen.» ⁴¹ Jezi menm gen pitye pou li, li lonje men l, li touche l, li di l: «Mwen vle, se pou w geri.» ⁴² Kou li di sa, menm lè a, moun lan vin geri ak lalèp la. ⁴³ Apre sa, li pase l lòd byen sevè, li voye l ale menm lè a, ⁴⁴ li di l: «Gade, pa di pèsonn anyen, men ale fè prèt la wè w. Apre sa, w a ofri sa Moyiz te bay lòd pou ofri a, poutèt ou geri a, pou sa sèvi temwen devan yo.» ⁴⁵ Men li menm menm, li sòti, li kòmanse klewonnen tout bagay, li gaye koze a, sitèlman Jezi pa t kapab antre aklè nan yon vil ankò, men se andeyò, kote ki pa gen moun li te blije rete, epi moun yo te sòti toupatou vin jwenn li.

Lev 14,
2-32

Jezi geri yon moun ki te paralize

Mt 9,1-8; Lk 5,17-26

Mt 9,
1-8;
Lk 5,
17-26;
Mk 1,29

3 20;
T Ap
4,29;
8,25

2¹ Apre kèk jou, Jezi tounen Kafana wòm ankò. Lè yo tandè li te nan kay la, ² menm lè a anpil moun rasanble, sitèlman pa t gen plas ankò, pa menm devan pòt la, epi li t ap pale yo pawòl la. ³ Yo vin kote l, antan y ap pote yon moun ki paralize. Se kat

moun ki t ap pote l. ⁴ Men kòm yo pa t kapab pwoche bò kote li akòz foul la, yo dekouvri do kay kote li te ye a, yo fè yon twou, yo glise desann kabann kote paralize a te kouche a. ⁵ Lè Jezi wè lafwa yo, li di moun paralize a: «Pitit, peche w yo padonnen.» ⁶ Te gen kèk pwofesè Lalwa ki te chita la, yo t ap kalkile nan kè yo: ⁷ «Kilès sila a k ap pale konsa? Li derespekte Bondye! Kilès ki kapab padonnen peche, si se pa Bondye sèlman?» ⁸ Menm lè a, Jezi konnen nan lespri l se konsa yo t ap kalkile anndan kè yo, li di yo: «Poukisa n ap kalkile bagay sa yo nan kè nou? ⁹ Ki sa ki pi fasil pou di moun ki paralize a: Peche w yo padonnen, oubyen leve, pran kabann ou, mache?» ¹⁰ Eben pou nou kapab konnen Pitit moun nan gen pouvwa pou li padonnen peche yo sou tè a, ¹¹ li di moun ki te paralize a: «Mwen di w: Leve, pran kabann ou, al lakay ou.» ¹² Menm lè a, li leve, li pran kabann lan, li sòti devan tout moun. Sitèlman yo tout sezi, yo t ap bay Bondye glwa, yo t ap di: «Nou pa janm wè bagay konsa.»

Lk 7,48

Sòm
103 3;
Lz 43,25

Mt
12,25;
Jn 2,25

Mt 9,33

fè sa a devan Jezi, sa vle di, li rekonèt Jezi se yon moun Bondye voye. Malad la nan dezespwa li kraze Lalwa de fwa: li vin jwenn Jezi, epi li met ajenou devan li.

1,41: *Jezi gen pitye pou li.* Jezi gen kè sansib devan soufrans pèp la. Li manyen nèg la. Jezi gen volonte pou fè sa, li konnen byen sa li t ap fè a. Lè li manyen nèg la, li mete l anndan sosyete a.

1,44: *Gade pa di pèsonn anyen...* Jezi te manyen nèg sa a, sa vle di, devan Lalwa Jezi te vin pa pwòp. Kounye a Jezi se yon moun yo mete sou kote. Si Jezi defann yo montre ki moun li ye nan tout premye pati travay piblik li a, se te pou evite konfizyon sou ki kalite Sovè li ye.

Al fè prèt la wè w... Depi yon moun te geri, li te dwe ale nan Tanp lan, pou li prezante devan prèt la. Prèt la konstate li geri, konsa li kapab retounen lakay li, nan sosyete a. Apre sa li dwe peye taks nan Tanp lan, yon ofrann dapre posiblite chak moun genyen. Lè Jezi voye l devan prèt la, li vle li retounen nan sosyete a, li pa vle li kontinye viv apa, sou kote ankò.

1,45: *Li gaye koze a toupatou.* Jezi pa t kapab antre ankò nan okenn vil pou moun pa t wè li. Li te rete andeyò, kote ki pa gen moun. Men

moun yo te sòti toupatou vin jwenn li. Kounye a tout moun vin jwenn Jezi, ni moun ki pa pwòp yo, ni etranje yo.

2,6: *Te gen kèk pwofesè Lalwa ki te chita la...* Pwofesè Lalwa yo te chita, sa vle di se yo ki gen otorite nan kay sa a. Yo te reprezante lide ak koutim Jwif yo, kidon, tou sa Jwif yo kwè, epi yo swiv.

-Li derespekte Bondye... Pawòl Jezi yo fè pèp la sezi, paske se sèl Bondye ki kapab padonnen peche. Yo pa konprann ki moun Jezi ye. Si yon moun pale mal sou Bondye, Lalwa mande pou touye moun sa a. Yo pa t kwè Jezi kapab padonnen peche. Yo pa t kwè Jezi se Pitit Bondye. Epi Jwif yo te di Bondye te rete nan Tanp lan sèlman. Si yon moun bezwen padon li dwe al nan Tanp lan, epi li dwe ofri kichòy bay Bondye. Si Jezi padonnen an deyò Tanp lan, epi li padonnen gratis, tou sa pwofesè Lalwa yo montre pèp la se manti. Yo t ap pèdi pouvwa yo.

2,10: *Pitit Moun nan gen pouvwa pou li padonnen peche yo sou tè a...* Jezi fè yo pe bouch yo: «Si mwen bay lasante ak pouvwa Bondye, poukisa mwen pa kapab padonnen ak menm pouvwa Bondye a?» Li bay moun yo lasante nan kò ak nan nanm yo. Epi se pa nan peyi Izrayèl sèlman, se sou tout tè a.

Jezi rele Levi

Mt 9,9-13; Lk 5,27-32

Mt 9, 9-13; Lk 5, 27-32
 13 Li sòti yon lòt fwa ankò, l al bò lanmè a. Tout foul la vin jwenn li, li t ap montre yo anpil bagay. 14 Antan l ap pase, li wè Levi, pitit Alfe a, chita devan biwo kontribisyon an, li di l: «Swiv mwen.» Li leve, li swiv li.

Mt 18,12; Lk 15,1
 Lk 7,34
 15 Twouve, antan li t ap manje lakay li, anpil pibliken, ak moun ki nan peche, te bò tab la avè l, ansanm ak patizan l yo, yo te anpil ki t ap swiv li. 16 Pwofesè Lalwa yo, nan pami Farizyen yo, lè yo wè l ap manje ak moun ki nan peche yo, ansanm ak pibliken yo, yo di patizan l yo: «Poukisa se ak pibliken yo, ansanm ak moun ki nan peche yo, l ap manje?» 17 Lè Jezi tandè sa, li di yo: «Se pa moun ki ansante ki bezwen doktè, men se moun malad yo. Mwen pa vin rele moun ki kòrèk yo, men moun ki nan peche yo.»

Diskisyon sou kesyon fè jèn nan

Mt 9,14-17; Lk 5,33-39

Mt 9, 14-17; Lk 5, 33-39
 18 Patizan Jan yo, ak Farizyen yo, t

ap fè jèn. Yo vini, yo di l: «Poukisa patizan Jan yo ak patizan Farizyen yo fè jèn, men patizan pa w yo menm pa fè jèn?» 19 Jezi di yo: «Èske moun ki envite nan nòs la kapab fè jèn lè mesye marye a ak yo? Toutotan yo gen mesye marye a ak yo, yo pa kapab fè jèn, 20 men gen jou k ap vini, lè y a wete mesye marye a nan men yo, lè sa a, y a fè jèn nan jou sa a. 21 Pèsonn pa koud yon moso twal tounèf sou yon vye rad, sinon moso nèf la ap pati ak yon bò nan vye a, lè sa kote ki chire a vin pi mal. 22 Menm jan tou, pèsonn pa vide diven ki fèk fèt nan vye veso po bèt, sinon diven an va pete veso yo, lè sa a diven an ap pèdi, epi veso yo ap detwi. Men diven ki fèk fèt se nan veso tounèf pou yo mete l.

Jn 3,29; 2Kor 11,2

Diskisyon sou kesyon rache zepi ble jou saba a

Mt 12,1-8; Lk 6,1-5

23 Trouve, yon jou saba, li t ap travèse yon jaden ble, patizan l yo kòmanse ap rache zepi yo antan y ap

Mt 12, 1-8; Lk 6, 1-5

2,14: ...Li wè Levi, pitit Alfe a, ki chita devan biwo kontribisyon an. Levi se yon Jwif ki travay nan kontribisyon, li touche lajan pou Women yo, ki lènmi Jwif yo. Poutèt sa Jwif yo te konn meprize moun ki fè travay sa a anpil. Nan Levanjil Matye nou jwenn yon listwa ki sanble ak sa a, men yo rele moun nan Matye (Mt 9,9).

2,15: Li t ap manje lakay li ak anpil pibliken ak moun ki nan peche...Jezi te manje ak moun Farizyen yo rejte. Konsa Jezi denonse tou sa Farizyen yo te kwè epi yo t ap montre moun yo. Manje li manje ak moun sa yo, Jezi montre zamitay li genyen ak yo. Pou nou resevwa Reny Bondye a, fòk nou sispann mete moun sou kote, sispann panse nou pi bon pase lòt yo

2,16: Pwofesè Lalwa yo nan pami Farizyen yo... Se yo ki te konnen Lalwa Moyiz la ak tout ti detay li yo. Yo defòmè lespri Lalwa Moyiz la, yo ba li sans pa yo. Se yo menm ki di ki moun ki bon, ki moun ki pa bon. Yo kontwole tout moun. Si yon moun pa swiv Lalwa, yo ba li pinisyon. Yo gen pouvwa devan pèp la. Yo pa t antre lakay Levi, yo te rete deyò, paske Lalwa a pa t pèmet yo fè sa.

2,17: Se pa moun ki ansante... «Jezi» se yon mo ki vle di: Yave se doktè, oswa Yave se sovè. Jezi se doktè nou. Li vini pou moun ki malad yo, pou li mete Reny Bondye a sou pye, e li pote lavi pou tout moun.

2,18: Patizan Jan yo ak Farizyen yo ap fè jèn... Jwif yo te kore lapriyè yo ak jèn, yon siy penitans pou peche yo. Men ak Jezi Bondye vini bay pèp la kè kontan: se pa yon tan pou fè jèn, se yon tan pou moun fete ak kè kontan. Pwofèt yo te anonse nòs Bondye ak pèp li a lè li vin vizite li (Izayi 62,4-5). Poutèt sa nan okazyon sa a, Jezi fè konnen se li ki manje ak pèp li a. Ak Jezi gen yon Kontra tounèf k ap kòmanse.

2,21: Yon moso twal tounèf... Twal tounèf la se pwojè Jezi a. Jezi pote lavi tounèf. Vye rad la reprezante koutim Jwif yo, enstitisyon Jwif yo, òganizasyon Jwif yo. Kounye a Jezi di koutim lontan yo pa gen valè. Nou pa sèvi ak yon bagay tounèf pou pyese yon vye bagay, yon bagay ki pa sèvi ankò. Li pa sòti pou pyese mantalite Farizyen ak pwofesè Lalwa yo ak prensip Peyi kote Bondye Wa a.

2,22: Pèsonn pa vide diven ki fèk fèt... Nan tan Jezi yo te konn mete diven fenk fèt la nan vèsò yo ki fèt an po bèt. Se Peyi kote Bondye Wa a ki rive ak Jezi. Yon bagay tounèf ki parèt sou tè a ak Jezi. Diven an reprezante renmen, kè kontan ak Lespri Bondye a.

Vye veso po bèt... Reprezante òganizasyon Jwif yo, koutim yo, lide yo. Diven tounèf la se renmen Papa a ak libète patizan yo nan yon kominote kè kontan akòz prezans Jezi a. Peyi kote Bondye Wa a pa dakò ak ni vye lide ni kou-

^{Dtw 24,20} pase. ²⁴Farizyen yo di l: «Gade! Poukisa y ap fè sa yo pa gen dwa fè jou saba a?» ²⁵Li di yo: «Èske nou pa janm li sa David te fè, lè li te nan bezwen, lè li te grangou, li menm ak moun ki te ak li yo?» ²⁶Kijan li te antre nan kay Bondye a, sou tan Abyata, Prèt anchèf la, li te manje pen yo te ofri bay Bondye yo, pen sa yo sèl prèt yo te gen dwa manje yo, epi li te bay moun ki te avè l yo tou?»

^{Dtw 5,14} ²⁷Li t ap di yo: «Jou saba a te fèt pou moun, se pa moun ki te fèt pou jou saba a, ²⁸se pou sa Pitit moun nan se Mèt ata jou saba a.»

Jezi geri yon moun ki te gen yon men chèch

Mt 12,9-14; Lk 6,6-11

^{Mt 12, 9-14; Lk 6, 6-11; 14,1-6; 13,10-17} **3** ¹Li antre ankò nan sinagòg la. Te gen yon nèg la ki te gen men l chèch. ²Yo t ap siveye l pou yo wè si li t ap geri l jou saba a, pou yo te kapab akize li. ³Li di nèg ki te gen men li chèch la: «Leve kanpe nan mitan an.» ⁴Li di yo: «Èske jou saba a yo gen dwa fè byen oswa mal? Sove lavi oswa touye?» Men yo menm yo te pe bouch yo. ⁵Li pwonmennen je l sou yo ak kòlè, li te gen anpil lapenn poutèt jan

kè yo di, li di nèg la: «Lonje men an.» Li lonje l, epi men li tounen vin anfòm. ⁶Farizyen yo menm sòti, menm lè a yo ranje konplo ak patizan Ewòd yo kont li, pou yo wè kijan yo ta kapab touye l.

Foul moun yo ap swiv Jezi

⁷Jezi wete kò l ak patizan l yo, l al bò lanmè a. Yon gwo foul moun ki sòti Galile t ap swiv li. ⁸Lè yo tandè sa li t ap fè, yon gwo foul moun vin jwenn li, yo te sòti nan Jide, nan Jerizalèm, nan Idime, ak lòt bò larivyè Jouden, nan rejyon Ti ak Sidon. ⁹Li di patizan l yo pou yo pare yon ti kannòt pou li, poutèt foul la, pou yo pa kraze li. ¹⁰Rèyèlman vre, li te geri anpil moun. Se poutèt sa tout moun ki t ap soufri ak maladi, te vide sou li pou yo te kapab manyen l. ¹¹Lespri malpwòp yo menm, kou yo wè l, yo lage kò yo atè devan l, yo t ap rele byen fò, yo t ap di: «Ou se Pitit Bondye a!» ¹²Li te pase yo lòd sevè pou yo pa fè rekonèt li.

Jezi chwazi douz Apot yo

Mt 10,1-4; Lk 6,12-16

¹³Li monte nan mòn nan, li rele sila li te vle yo. Yo vin jwenn li. ¹⁴Li mete douz, pou yo rete ansanm ak li, pou li

tim sosyal, politik, ekonomik ak relijye. Li vle yon chapant sosyal tounèf, kote tout moun jwenn lavi, jistis, libète ak fratènite. Diven tounèf la bezwen yon sosyete tounèf tou.

2,23: *Li t ap travese yon jaden ble...* Nan epòk Jezi, e nan peyi l se te nòmal pou moun k ap pase nan yon jaden kase zepi epi keyi fwi yo lè yo grangou. Men Farizyen yo fache paske patizan Jezi yo te fè sa jou saba, jou yo defann fè nenpòt travay. Yo te gade saba a, yo pa t gade moun ki grangou yo.

2,27: *Jou Saba a te fèt pou moun...* Yon règleman pa vo anyen, menm si li sakre, si li tounen yon antrav pou byen ak lavi moun. Pou Jezi se lavi moun ki sakre, ki pase an premye.

2,28: *Pitit Moun nan se mèt ata jou saba a ...* Pou Jwif yo, respekte saba a, se sa ki poto mitan lòd Bondye tabli a. Ki moun Jezi te kwè li ye pou li di se li ki Mèt saba a? konsa, Jezi fè konnen li gen menm pouvwa ak Bondye Papa a.

3,3: *Kanpe nan mitan an...* Jezi vle pou tout moun wè moun sa a byen. Moun ki gen Lalwa

nan tèt yo toutan, epi ki pran pòz jij pou jije lòt yo, yo pa wè moun ki nan bezwen. Jezi gen kè sansib, li wè moun ki malad. Jezi mete lavi moun nan premye plas. Li pa pè devan Farizyen yo, menm si li konnen apre yo gen dwa touye l.

3,6: *Farizyen yo ranje konplo ak patizan Ewòd yo...* Nan Galile yo pa t kapab kondane pèsonn san pèmisyon Ewòd. Farizyen yo te bezwen akò patizan wa a.

3,13: *Li monte nan mòn...* Nan plizyè relijyon, yo te kwè Bondye te rete sou mòn yo. Jezi te monte kote Bondye rete a (Egzòd 19,3), sa vle di li bezwen rankontre Bondye.

3,14: *Li mete douz...* Chif douz la reprezante pèp Izrayèl la ki te gen douz branch fanmi ladan. Jezi ap òganize yon pèp tounèf. Pou yo rete avè l, pou yo mache avè l. Se Kominote Jezi a. Se Jezi ki te chwazi yo. Yo pral avè l, yo pral anonse Pawòl la, e yo pral chase demon. Mak montre nan fason sa a, sa Legliz la ye: yon kominote Jezi reyini toutotou li kote moun yo pral anonse Bon Nouvèl la, epi ede moun yo sòti anba tout kalite antrav.

Mt 12, 15-16; Lk 6, 17-19

Mt 13,4; 6,55; Lk 9,2

Lk 4,41

Mt 10, 1-4; Lk 6, 12-16; Mk 6,7; Lk 9,1

Mt 9,35; 10,9; Lk 10,1

Lk 10,17 voye yo preche, ¹⁵ epi pou yo gen pouvwa chase demon yo. ¹⁶ Li mete douz yo, epi li bay Simon non Pyè. ¹⁷ Te gen Jak, pitit Zebede a, ak Jan frè Jak la, li ba yo non Bowanègès, sa vle di 'pitit loray'. ¹⁸ Te gen Andre, Filip, Batèlmi, Matye, Toma, Jak pitit Alfe a, Tade, Simon nèg Kanaran an, ¹⁹ ak Jida Iskaryòt, sila a ki te trayi l la.

Fanmi Jezi yo fè lide vin chèche li

2,2; 6,31 ²⁰ Li tounen nan kay la. Yon foul moun rasanble ankò, sitèlman yo pa t menm kapab manje yon moso pen. ²¹ Lè moun lakay li yo tandè sa, yo sòti pou yo kenbe l, yo t ap di: « Li pèdi tèt li. »

Jezi ak Beyèlzeboul

Mt 12,22-32; Lk 11,14-23; 12,10

Mt 12, 24-32; Lk 11, 15-23; Mt 19,34 ²² Lè sa a, pwofesè Lalwa yo, ki te desann sòt Jerizalèm, t ap di konsa: « Se Beyèlzeboul li gen sou li », epi, « se gras a chèf demon yo l ap chase demon yo. » ²³ Li rele yo, li di yo an parabòl: « Kijan Satan kapab chase Satan? » ²⁴ Si yon peyi gen divizyon ladan l, peyi sa a pa la pou lontan. ²⁵ Epi si yon fanmi gen divizyon ladan l, fanmi sa a pa la pou lontan. ²⁶ Konsa si Satan leve kont pwòp tèt li, epi li divize, li pa la pou lontan. Talè konsa l ap

fini. ²⁷ Pèsonn pa kapab antre nan kay yon gason vanyan pou piye byen li, si anvan sa li pa mare gason vanyan an. Lè sa a atò, l a kapab piye kay la.

²⁸ Anverite mwen di nou, y ap padonnen pitit moun yo tout bagay, ni peche, ni kantite pawòl derespektan kont Bondye, ²⁹ men moun ki manke Lespri Sen an respè, li p ap janm jwenn padon, men l ap reskonsab yon peche k ap rete pou toutan. » ³⁰ Se paske yo t ap di: « Se yon move lespri li gen sou li. »

Bon jan paran Jezi yo

Mt 12,46-50; Lk 8,19-21

³¹ Manman l ak frè li yo vin rive, yo kanpe deyò a, yo voye rele l. ³² Te gen yon foul moun ki te chita alantou l, yo di l: « Men manman w ak frè w yo deyò a, y ap chèche w. » ³³ Li reponn yo, li di: « Kilès ki manman mwen ak frè mwen yo? » ³⁴ Epi li pwomennen je l sou sila yo ki te chita alantou l yo, li di: « Men manman mwen ak frè mwen yo. » ³⁵ Tout moun ki fè volonte Bondye, se li menm ki frè mwen, ki sè mwen, ki manman mwen. »

Parabòl moun ki t ap simen an

Mt 13,1-9; Lk 8,4-8

4 ¹ Li te rekòmanse ankò ap montre anpil bagay bò lanmè a. Anpil foul

3,18: *Simon nèg Kanaran an...* Nan tan Jezi te gen anpil mouvman popilè ki te vle mete Women yo deyò nan peyi a. Yo te konn rele yo kananeyen, zelòt oswa patriyòt ((Travay 5,36-37). Yo te gen gwo santiman nasyonalis nan kè yo, epi yo t ap tann yon Sovè ki pral alatèt yo, pou yo dechouke etranje yo, pou yo pwòpte relijyon Tanp lan, epi pou li mete Izrayèl alatèt lòt nasyon yo. Yo tout te gen lide se ak fòs ponyèt li Bondye pral tabli Reny li a sou tè a.

3,22.23: *Pwofesè Lalwa yo ki te desann sòt Jerizalèm...* Kòm yo se otorite nan afè relijyon an, yo te vwayaje depi Jerizalèm pou yo t al wè ak je yo kilès Jezi te ye.

Se Beyèlzeboul li gen sou li... Nan tan Jezi a, Jwif yo te gen yon sèl kalite kwayans nan demon. Yo te wè demon toupatou. Anpil fwa yo te wè maladi kòm travay dyab la fè. Beyèlzeboul, non yon ansyen zidòl, te youn nan non yo te bay Satan. Farizyen yo te akize Jezi fè maji ak pouvwa Satan.

Jezi rele yo... yo pa t vle vin bò kote Jezi, men se Jezi ki rele yo. Jezi pa pè yo, menm si li konnen yo gen pouvwa pou yo fè touye l.

3,27: *Antre nan kay yon gason vanyan.* Vanyan gason sa a se Demon an. Kay li se moun li antre nan li a. Mete l deyò nan kay la, se wete pouvwa l sou viktim li an. Demon an reprezante foli pouvwa chèf yo te genyen. Aksyon Jezi montre fòs Bondye ki delivre moun anba pouvwa yo. Jezi pi fò pase fòs fenwa sa yo.

3,28-29: *Y ap padonnen pitit moun yo tout bagay, ni peche, ni kantite derespektan kont Bondye.* Jezi te aksepte pou moun ki pa konprann yo kritike l. Se te ka anpil Farizyen. Men sa li pa kapab aksepte ditou se pran pou move zak yon aksyon ki bon nan je tout moun. Se sa yo rele derespekte Lespri Sen an, se sa ki peche kont Lespri Sen. Peche ki pa kapab jwenn padon.

3,31: *Manman l ak frè l yo...* Jezi te kite fanmi l, men li te jwenn frè ak sè li yo toutbon vre. «Frè

moun te rasanble kote l, sitèlman li te blije monte chita nan yon kannòt sou lanmè a. Tout foul la menm te rete atè sou bò lanmè a. ²Li t ap montre yo anpil bagay an parabòl. Nan sa li t ap montre yo a, li t ap di: ³«Koute! Men moun ki konn simen an sòti pou l simen. ⁴Trouve, antan li t ap simen, gen yon pòsyon ki tonbe bò chemen an, zwazo yo rive, yo manje li.⁵Yon lòt pòsyon tonbe kote ki gen wòch, kote ki pa gen anpil tè, menm lè a li leve, paske tè a pa t fon. ⁶Men lè solèy la leve, li chode, epi, kòm li pa t gen rasin, li vin chèch. ⁷Yon lòt pòsyon tonbe nan pikan yo, pikan yo grandi, yo toufe l, li pa donnen. ⁸Yon lòt pòsyon tonbe nan bon tè a, li donnen, donn lan grandi, li gwosi, yon pati donnen trant, yon lòt swasant, epi yon lòt san.» ⁹Aprè sa, li di yo: «Moun ki gen zòrèy pou tandè, se pou l tandè!»

Mt 13,34

7,16; Ap 2,7

Poukisa Jezi pale anparabòl

Mt 13,10-15; Lk 8,9-10

¹⁰Lè li te pou kont li, moun ki te alantou l yo, ansanm ak Douz yo, mande l esplikasyon sou parabòl yo. ¹¹Li di yo: «Nou menm, yo ban nou sekrè Peyi kote Bondye Wa a, men yo menm menm, sa ki deyò yo, se an parabòl tout bagay rive pou yo. ¹²Konsa, yo mèl gade byen gade, yo

Mt 13, 10-15; Lk 8, 9-10; 8,18 Dan 2,18; Wm 16,25; Ef 1,9 Iz 6, 9-10;

p ap wè. Yo mèl tandè byen tandè, yo p ap konprann, dekwa pou yo pa kase tèt tounen, epi pou yo pa jwenn padon.»

Jn 12,40; T Ap 28,26

Jezi esplike parabòl moun ki t ap simen an

Mt 13,18-23; Lk 8,11-15

Mt 13, 18-23; Lk 8, 11-15; Mk 8,17; 6,52; 7,18

¹³Li di yo: «Nou pa konprann parabòl sa a? Ebyen kijan n ap fè konprann tout parabòl yo? ¹⁴Moun k ap simen an, se Pawòl la l ap simen. ¹⁵Sa yo ki sou bò wout la, kote yo te simen Pawòl la, se sila yo kou yo tandè l, menm lè a Satan vini, li rache Pawòl ki te simen nan kè yo a. ¹⁶Menm jan tou, sa ki simen sou kote ki gen wòch yo, se moun kou yo tandè Pawòl la, menm lè a yo resevwa l ak kè kontan. ¹⁷Sèlman yo pa gen rasin nan yo. Yo se moun mode lage, apre sa, lè tèt chaje tonbe sou yo, ansanm ak pèsekisyon poutèt Pawòl la, menm lè a yo bite. ¹⁸Lòt yo, sa ki tonbe nan pikan yo, se moun ki tandè Pawòl la, ¹⁹sèlman, traka lavi a, anvì gen lajan, ansanm ak tout lòt move anvì yo, antre nan kè yo, yo toufe Pawòl la, li pa donnen. ²⁰Sila yo menm ki tonbe nan bon tè a, se moun ki tandè Pawòl la, yo resevwa l, li donnen, yon pòsyon trant pou youn, yon lòt swasant pou youn, yon lòt ankò san pou youn.»

Jezi yo.» Nan lang ebre yo rele frè osinon sè nenpòt fanmi pre. Anpil maniskri bay: «Men manman w, ak frè w yo ak sè w yo deyò a.»

4,3: *Moun ki konn simen an sòti pou li simen... Moun sa a se Jezi menm.*

4,8: *Yon lòt pòsyon tonbe nan bon tè a, li donnen... Se pwòp esperyans Jezi nou jwenn nan parabòl sa a. E se esperyans Legliz la tou. Sa ki gen je pou yo wè kapab rekonèt konbyen bon bagay ki sòti nan Levanjil la, epi k ap fèt toujou kote yo resevwa Bon Nouvèl la.*

4,11: *Nou menm, yo ban nou sekrè Peyi kote Bondye Wa a... Jezi fè patizan l yo sonje si yo swiv li, si yo resevwa Pawòl Bondye a nan men l, se akòz favè Bondye, e yo la pou anonse Peyi kote Bondye Wa a. Epi, se piti piti Jezi pataje mèvèy Peyi kote Bondye Wa a ak yo.*

4,12: *«Yo mèl gade...»* Li bay yon vèsè Izayi

(6,9). Li pale sou sa ki rive lè pwofèt yo pale men moun pa tandè sa yo di: «*Ou pral pale men yo p ap tandè w, paske yo pa vle konprann.*» Se pa Bondye ki pa vle pou moun yo pa konprann. Se yo menm, ak kè yo fèmen devan envitasyon Levanjil la, ki pa vle chanje lavi yo. Se sa ki fè yo pa tandè. Lè yo tandè, yo pa konprann. Levanjil la bay yon limyè, men pou moun ki pa t pran angajman yo, li difisil anpil pou yo konprann. Nan okenn ka Bondye pa vle yon moun fè erè, oswa rete san li pa konnen.

4,13: *Kijan nap fè konprann tout parabòl yo? ... Si moun pa konprann parabòl yo se paske yo pa t pran angajman serye nan pwojè Jezi a. Poutèt sa apot yo pa t kapab konprann, paske yo t ap chèche lòt bagay. Tout parabòl gen menm sans: fè moun yo dekouvri mèvèy Reny Bondye a. Si w pa konprann youn, ou p ap konprann lòt yo.*

Parabòl lanp la

Lk 8, 16-17; Lk 8,16-18

²¹ Jezi t ap di fowl la: «Èske yo pote yon lanp vini, pou yo mete l anba yon bokit, oswa anba kabann? Èske se pa sou yon etajè pou yo mete l? ²² Nanpwen anyen ki kache yo p ap mete deyò. Konsa tou, nanpwen anyen sekrè ki p ap vin parèt aklè. ²³ Si yon moun gen zòrèy pou tande, tande.»

²⁴ Li t ap di yo: «Atansyon sa n ap tande la. Ak mezi nou mezire a, se ak li y ap mezire pou nou tou, ak tout degi l sou li. ²⁵ Moun ki genyen an, y ap ba li, men moun ki pa genyen an, ata sa li genyen an, y ap wete l nan men l.»

Mt 7,2; 13,12; Lk 6,38; 8,18

Parabòl grenn ble k ap pouse pou kont li a

²⁶ Li di: «Men ak kisa Peyi kote Bondye Wa a sanble: se tankou yon moun ki simen grenn ble nan tè a.

²⁷ Apre sa, kit li dòmi, kit li leve, lanwit kou lajounen, grenn ble a jèmen, li devlope, san li menm li pa konnen kijan. ²⁸ Pou kont kò l, tè a donnen: pou kòmanse se ti fèy, answit, se zepi, apre sa, plen grenn ble nan zepi a. ²⁹ Lè fwi a bon, menm lè a li mete sèpèt ladan l, paske sezon rekòt la pare.»

Jow 4,13; Ap 14,15

Parabòl grenn moutad la

Mt 13,31-32; Lk 13,18-19

³⁰ Li t ap di: «Ak ki sa pou nou ta konpare Peyi kote Bondye Wa a? Oubyen ak ki parabòl nou ta kapab prezante l? ³¹ Ebyen, se tankou yon grenn moutad, lè yo simen l nan tè a, se li menm ki pi piti nan tout grenn ki

Mt 13, 31-32; Lk 13, 18-19

sou latè a. ³² Men lè yo fin simen l, li pran grandi, li vin pi gran pase tout legim yo, li pouse gwo branch, sitèlman zwazo nan syèl la kapab fè nich anba lonbray li.»

Dan 4,9.18

Yon ti ranmase sou parabòl yo

Mt 13,34-35

³³ Se ak anpil parabòl konsa li t ap pale Pawòl la, dapre jan yo te kapab konprann. ³⁴ Li pa t pale ak yo san parabòl, men lè li te pou kont li ak patizan l yo, l esplike yo tout bagay.

Mt 13, 34-35

Jezi kalme yon gwo van

Mt 8,23-27; Lk 8,22-25

³⁵ Menm jou sa, kòm aswè te fin rive, Jezi di yo: «An nou janbe lòt bò dlo a.»

³⁶ Yo voye fowl la ale, yo pran l jan li te ye a nan kannòt la. Te gen lòt kannòt ansanm ak li. ³⁷ Vin gen yon gwo kout van. Lanm lanmè a t ap voltije nan kannòt la, sitèlman kannòt la te gen tan plen dlo. ³⁸ Li menm menm, li te bò gouvènay la, li t ap dòmi, tèt li te apiye sou yon ti zòrye. Yo reveye l, yo di l: «Mèt, sa pa fè w anyen? N ap peri, wi!»

³⁹ Li reveye, li menase van an, li di lanmè a: «Silans, pe la!» Van an tonbe, epi vin gen yon gwo kalmi. ⁴⁰ Apre sa, li di yo: «Poukisa nou pè konsa? Nou poko gen lafwa?» ⁴¹ Se pa ti sezi yo te sezi. Youn t ap di lòt: «Kilès sila ye menm, pou ata van ak lanmè obeyi l?»

Mt 8,18; 8,23-25; Lk 8, 22-25

1,25; Sòm 89,10; 93,3

Jezi geri yon moun nan peyi

Jerazyen yo

Mt 8,28-34; Lk 8,26-39

5 ¹ Yo rive lòt bò lanmè a, nan peyi Jerazyen yo. ² Kou li desann sòt

Mt 8, 28-34; Lk 8, 26-39

4,24: Atansyon sa n ap tande la. Jezi mande nou fè atansyon: n ap pèdi tan nou, si nou koute sèlman men nou pa kite sa nou tande a pote fwi li. Mezi nou konn sèvi pou mezire a, sèvi ak li pou nou mezire sa nou resevwa, sa vle di, si nou kòmanse mete sa nou tande yo an pratik, n ap resevwa fòs tounèf ak konesans nan men Bondye. Men si nou pa bay fwi, sa lafwa nou resevwa a, n ap pèdi li.

4,26: Nan tout epòk moun konn pèdi pasyans. Èske laverite, renmen, jistis, kè poze pral rive vit? Èske vyolans ak kòripsyon pral kaba? Jezi

reponn: depi kounye a lènmi yo sou kontwòl, epi sa ki fè moun grandi nan valè ak nan diyite, epi ki fè Gouvènman Bondye a vanse, li deja an aksyon.

4,38: Devan tout kalite boulvès yo jwenn nan mitan tanpèt lavi a, patizan yo ap mande si Bondye ap dòmi. Men Jezi la. Se sèl konfyans nan laviktwa Jezi, Pitit Bondye a, sou fòs sa ki mal la ki kapab pèmèt patizan Jezi yo viv ak travay san yo pa bezwen pè.

5,1: Mòso sa a chaje ak senbòl pou li montre

nan kannòt la, menm lè a, yon nèg ki te gen yon lespri malpwòp sou li, sòti nan kavò yo, vin rankontre l. ³Se nan kavò yo li te rete. Menm ak chenn pèsonn pa t kapab mare l ankò, ⁴paske anpil fwa, yo te mete pye l nan yon sèp an fè, epi yo te mare l ak chenn, men li te kase chenn yo, epi li te kraze sèp an fè a. Pèsonn pa t kapab donte l. ⁵Toutan, lajounen kou lannwit, li te rete nan kavò yo ak nan mòn yo, li t ap rele byen fò, li t ap blese kò l ak wòch. ⁶Antan li wè Jezi depi byen lwen, li kouri, li met ajenou devan l, ⁷li rele byen fò, li di: «Ki sa ki genyen ant mwen menm ak ou menm, Jezi, Pitit Bondye ki anwo nèt la? Mwen mande w, tanpri souple, nan non Bondye, pinga w malmennen mwen.» ⁸Se paske li t ap di l: «Sòti sou nèg la, lespri malpwòp!» ⁹Li t ap mande l kesyon: «Ki non w?» Li di l: «Se lejyon ki non m, paske nou se yon pakèt.» ¹⁰Li t ap priye l angras anpil pou l pa chase yo sòti nan peyi a. ¹¹Nan kote sa a, nan mòn nan, te gen yon pakèt bann kochon ki t ap manje. ¹²Lespri yo priye l angras, yo di: «Voye nou nan kochon yo, pou nou antre nan yo.» ¹³Li ba yo pèmasyon an. Move lespri yo sòti, yo antre nan kochon yo. Lamenn bann kochon yo te pran woule nan falèz la, al tonbe nan lanmè a. Yo te de mil konsa, yo neye nan lanmè a. ¹⁴Moun ki t ap gade kochon yo pran kouri. Yo gaye nouvèl la nan lavil la kou andeyò. Moun yo sòti pou yo vin wè ki sa ki te rive. ¹⁵Lè yo rive bò kote Jezi, yo wè nèg ki te gen demon sou li a, chita byen abiye ak tout bon sans li sou li, li menm ki te gen lejyon an sou li. Yo te pè. ¹⁶Moun ki te asiste bagay la,

Iz 65,4;
Bar 3,111,24;
1,34Mt
12,45;
Lk 8,2

rakonte yo kijan sa te pase pou nèg ki te gen demon an, epi sa ki te rive kochon yo. ¹⁷Atò, yo kòmanse mande l pou l al fè wout li, sòti nan peyi yo a.

¹⁸Antan l ap monte nan kannòt la, nèg ki te gen demon an sou li a, lapriye l pou li rete ak li. ¹⁹Li pa aksepte l, men li di l: «Ale lakay ou, kote moun ou yo, anonse yo tou sa Granmèt la fè pou ou, kijan li te gen pitye pou ou.» ²⁰Li pati, li kòmanse pibliye nan Dekapòl la tou sa Jezi te fè pou li. Tout moun te sezi.

Jezi geri yon fi ki te nan pèdans, epi li leve byen vivan pitit fi Jayi a

Mt 9,18-26; Lk 8,40-56

²¹Lè Jezi fin travèse lòt bò lanmè a nan kannòt ankò, gen yon gran foul moun ki sanble bò kote l. Li te rete bò lanmè a. ²²Gen youn nan chèf sinagòg la ki vin rive. Yo te rele l Jayi. Lè li wè l, li lage kò l nan pye l, ²³li lapriye l anpil, li di: «Pitit fi mwen an prèt pou mouri, vin poze men sou li, pou l kapab sove, pou l viv.» ²⁴Li pati avè l. Yon pakèt foul moun t ap swiv li, yo te kwense l toupatou.

Mt 9,
18-26;
Lk 8,
40-56

²⁵Te gen yon madanm, ki t ap pèdi san depi douzan. ²⁶Li te soufri anpil anba men plizyè doktè, li te fin depanse tout sa li genyen, men li pa t jwenn okenn rezilta, okontrè se pi mal li t ap vin pi mal. ²⁷Lè li tandè pale sou Jezi, li fofile kò l nan foul la, pa dèyè, epi li touche rad li, ²⁸paske li t ap di: «Si mwen rive touche li mè se rad li yo, m ap sove.» ²⁹Menm lè a, sous kote san li t ap sòti a seche, li santi nan kò l li te geri anba maladi a. ³⁰Menm lè a, Jezi santi gen yon fòs ki te sòti nan li, li vire nan foul la, li di: «Kilès ki manyen rad mwen an?» ³¹Patizan l yo di l: «Ou wè

3,10;
6,56;
7 Ap
5,15;
19,11

Lk 6,19

jan Jezi goumen kont tout kalite fòs fènwa. Jezi ranpòte viktwa sou fòs sa ki mal la.

5,6: *Li met ajenou devan Jezi...* Li rekonèt nan Jezi yon moun ki gen rapò ak Bondye.

5,9: *Ki non w? ...* Jezi gen yon fòs espesyal ki blije demon an bay non li. Jezi pi fò pase tout fòs mal yo.

5,25: *Te gen yon madanm ki t ap pèdi san depi douzan...Akòz maladi a, yo te di madanm sa a pa pwòp dapre Lalwa Moyiz la (Levitik 15, 19). Lalwa sou pwòpte yo defann li mele ak moun, poutèt tout moun li touche, vin pa pwòp tou. Men li anvi viv. Lafwa l nan Jezi, fè l pa fè sa Lalwa mande a.*

jan foul moun yo ap plede kwense w, epi w ap di: 'Kilès ki manyen mwen?' »

³²Men li vire gade toupatou pou li wè sila a ki te fè sa. ³³Madanm nan menm te tou pè, li t ap tranble, li te konn byen pwòp sa ki te rive l, li vini, li lage kò l atè devan l, li di l tout laverite. ³⁴Men li menm li di l: «Ma fi, lafwa w sove w, ale ak kè poze, se pou w geri anba maladi w la.»

³⁵Antan li t ap pale toujou, gen moun ki vin sòti kay chèf sinagòg la, yo di: «Ti fi w la mouri, poukisa w ap deranje Mèt la plis pase sa?» ³⁶Jezi menm, lè li tande pawòl yo te di a, di chèf sinagòg la: «Pa pè, kwè sèlman.» ³⁷Li pa pèmèt pèsonn swiv li, sòf Pyè, Jak ak Jan, frè Jak la. ³⁸Lè yo rive lakay chèf sinagòg la, li wè yon bann moun ki t ap fè gwo eskandal, moun ki t ap kriye ak moun ki t ap pouse anpil rèl.

³⁹Li antre, li di yo: «Men pouki tout bri sa a? Pouki tout kriye sa yo? Ti pitit la pa mouri, se dòmi l ap dòmi.»

⁴⁰Yo tonbe pase l nan betiz. Li menm menm, li mete yo tout deyò, li pran papa ti pitit la ansanm ak manman l, epi moun yo ki te ak li a, li antre kote ti pitit la te ye a. ⁴¹Li kenbe men ti pitit la, li di l: «Talita, koum,» sa vle di: «Ti fi, mwen di w, leve!» ⁴²La menm, ti fi a leve, li pran mache, li te gen douzan. Reyèlman vre, menm lè a, se pa ti sezi

moun yo te sezi. ⁴³Li pase yo lòd sevè pou yo pa t kite pèsonn konn sa, epi li di pou yo ba li manje.

Prèch Jezi Nazarèt

(Mt 13,53-58; Lk 4,16-30)

6 ¹Li sòti la a, l ale nan peyi l, pati-zan l yo t ap swiv li. ²Lè jou saba a rive, li kòmanse montre anpil bagay nan sinagòg la. Tout moun ki t ap koute yo, te sezi anpil, yo t ap di: «Kote sila a jwenn bagay sa yo? Kilès ki bay sila a kalite bon konprann sa a? Epi tou ki kalite mirak sa yo ki fèt anba men l yo? ³Èske se pa li bòs chapant lan, pitit Mari, frè Jak, Joze, Jid ak Simon? Apa sè li yo isit la ak nou?» Yo te pran yon gwo kou poutèt li. ⁴Men Jezi di yo: «Nanpwen yon pwofèt ki pa jwenn konsiderasyon, sòf nan pwòp peyi l, fanmi l ak lakay li.» ⁵Li pa t kapab fè okenn mirak la a, esepite kèk moun malad li poze men sou yo e li geri yo. ⁶Li te sezi wè jan yo pa t gen lafwa.

Jezi voye douz yo nan misyon

(Mt 10,1-15; Lk 9,1-6)

Li t ap mache nan bouk ozalantou yo, antan li t ap montre anpil bagay. ⁷Lè sa a, li rele douz yo bò kote l epi li kòmanse voye yo de pa de. Li ba yo otorite sou move lespri, ⁸li pase yo lòd «Pa pran anyen pou wout la, sòf yon baton. Pa pran ni pen, ni sak, ni lajan

Mt 8,10;
Mk
10,52;
Lk 7,50

Mt
27,52;
1Kor
11,30;
15,6;
1Tes
4,13

Mt 13,
53-58;
Lk 4,
16-30

Jn 7,15

Mt
13,55

Jn 4,44

Mt 10,1;
10,9-14;
Lk 9,1-6;
10,1;
6,12;
Mt 5,1;
Mk 3,14

5,35:...*Ti fi w la mouri*... La a Jezi devan lanmò yon jenn fi ki te gen avni l devan l. Jayi te chèf sinagòg la oswa reskonsab kominote zòn nan pou relijyon Jwif la. Li te konnen otorite relijye yo te rejte Jezi, Farizyen yo t ap chache pran l nan pyèj, epi yo t ap fè konplo pou yo touye l. Men li rekonèt se li ki sèl lespwa pou ti pitit fi li a.

5,39: *Ti pitit la pa mouri, se dòmi l ap dòmi*. An reyalite ti fi a te mouri e se pou sa moun yo t ap pase Jezi nan betiz, men Jezi mete tout moun tèt cho sa yo deyò. Li mennen papa a ak manman an avè l. Yo menm, yo te kapab konprann paske se lafwa yo ki te pouse yo al wè Jezi.

5,41: *Talita koum, sa vle di: «Ti fi, mwen di w leve!»* Depi nan kòmansman, patizan Jezi yo te

konn anplwaye mo «dòmi» ak «leve» pou pale sou lanmò ak leve byen vivan.

6,2: *Kote sila a jwenn bagay sa yo?* Gen moun ki di: Kòm Jezi se Bondye, li te konn tout bagay. Se pa konsa. Depi Jezi te fèt, li te gen pou li fè esperyans, epi pou li dekouvri ak aprann tout bagay. Jezi resevwa tout edikasyon li kòm moun nan men Mari, nan men Jozèf ak moun Nazarèt yo. Se nan men yo li resevwa Labib la ak kilti pèp li a. Men tou Papa a te ba li Lespri l, pou li kapab chèche laverite Bondye nan tout bagay. Li te konnen li gen yon misyon sou tè a, men li te dwe dekouvri kijan pou l reyalize l.

6,7: *Li kòmanse voye yo de pa de*. Dapre Lalwa yo bezwen de moun pou yon temwayaj gen valè (Detewonòm 19,15).

nan sentiron, ⁹sèlman mare sapat nan pye nou, men pa mete de rad sou nou.» ¹⁰Li di yo ankò: «Nenpòt kote nou antre nan yon kay, rete la jistan nou pati sòt la a. ¹¹Men, si yon kote yo pa ni resevwa nou, ni koute nou, kite la e souke pousyè pye nou kòm yon temwayaj kont yo.» ¹²Yo pati al preche pou moun chanje kè yo. ¹³Yo chase anpil demon, yo pase lwil sou anpil moun malad, epi yo geri yo.

Lanmò Janbatis

(Mt 14,1-12; Lk 9,7-9)

Mt 14,
3-12;
Lk 9,7;
3,19-20

¹⁴Wa Ewòd pran nouvèl li, paske yo t ap nonmen non l anpil. Yo t ap di «Janbatis leve pami mò yo, se poutèt sa li gen pouvwa fè mirak konsa.» ¹⁵Gen lòt ki t ap di: «Se Eli.» Gen lòt toujou ki t ap di: «Li se yon pwofèt tankou youn nan pwofèt lontan yo.» ¹⁶Ewòd, lè li tandè sa, li di: «Se Jan mwen te koupe tèt li a, se li menm ki leve ankò.»

1,7;
Lk 3,15

¹⁷Se te Ewòd menm ki te voye arete Jan. Li te fè mete l nan chenn nan prizon poutèt Ewodyad, madanm Filip, frè li a, li te pran pou madanm li.

Lev
18,16

¹⁸Konsa, Jan te di Ewòd: «Ou pa gen dwa pran madanm frè w pou ou.» ¹⁹Ewodyad menm te kenbe l nan kè l. Li t ap chèche touye l, men li pa t kapab, ²⁰paske Ewòd pou tèt pa l, te gen yon krentif pou Jan, li te konnen se yon nèg ki kòrèk e ki sen. Konsa li te pwoteje l. Chak fwa li t ap koute l, li te boulvèse anpil, e kanmenm li te renmen koute l.

²¹Men yon bèl okazyon vin rive, lè Ewòd, jou fèt li, t ap òganize yon resepsyon pou otorite, ofisyè lame yo, ak notab peyi Galile. ²²Ti fi Ewodyad la antre e li danse. Li fè Ewòd ak envite li yo plezi anpil. Wa a di ti fi a konsa:

«Mande mwen nenpòt sa w vle, m ap ba ou li.» ²³Li fè l gwo sèman: «Nenpòt sa w mande mwen, m ap ba ou l, li te mèt mwatye nan peyi kote mwen wa a.» ²⁴Li sòti mande manman l: «Kisa mwen ta mande?» Sila a reponn: «Tèt Janbatis.» ²⁵Menm lè a, li prese tounen kote wa a, e li di l konsa: «Mwen vle pou ou ban mwen, kounye a menm nan yon kabare tèt Janbatis.» ²⁶Wa a vin chagren, men poutèt sèman li te fè devan envite yo, li pa t oze refize l sa. ²⁷Konsa, menm lè a, wa a voye yon gad ak lòd pou pote tèt la vini. Gad la ale, e li koupe tèt li nan prizon an. ²⁸Li pote tèt la nan yon kabare, epi li bay ti fi a li. Ti fi a menm pote l bay manman l.

Est 5,3;
7,2

²⁹Lè patizan l yo tandè sa, yo vin leve kadav la e yo mete l nan yon kavo.

Jezi bay anpil moun manje

Mt 14,13-21; Lk 9,10-17; Jn 6,1-13

³⁰Apot yo rasanble bò kote Jezi, epi yo rakonte l tou sa yo te fè ak tou sa yo te montre. ³¹Li di yo: «Nou menm menm, ale yon kote ki pa gen moun, pou kont nou, pou nou pran yon ti repo.» Paske te tèlman gen anpil moun ki t ap ale vini, ata manje yo pa t jwenn tan pou yo manje. ³²Yo pati nan kannòt la, pou yon kote ki pa gen moun, pou kont yo. ³³Anpil moun wè yo pati, yo te konprann. Ki fè, yo kouri apye sòti nan tout vil yo ale kote sa. Yo rive menm anvan yo. ³⁴Lè li debake, li wè foul moun yo. Kè l fè l mal pou yo, paske yo te tankou yon bann mouton ki pa gen gadò. Li kòmanse montre yo anpil bagay. ³⁵Lè li te deja fin ta, patizan li yo vin kote l, yo di: «Kote sa a yon jan dezole, epi li fin ta, ³⁶voye y ale non, pou y ale nan jaden, ak nan bouk ozalantou yo, pou y achte kichòy pou yo

Mt 14,
13-14;
Lk 9,
10-11

2,2;
3,20

Mt 14,
15-21;
Lk 9,
12-17;
Jn 6,
1-13;
Mk 8,
1-10

6,14: Wa Ewòd pran nouvèl... li te tandè pale sou Jezi. Men kòmantè yo fè sou Jezi montre ak lè yo te kwè li te tankou pwofèt ki te pase lontan lontan yo. Yo pa t konprann bagay tounè Jezi pote a.

6,34: Kè l fè l mal... Jezi gen kè sansib devan foul la. Li tankou Yave ki te wè soufrans pèp li a, ki tandè rèl li, ki vin pou li delivre li (Egzòd 3,7).

2Wa 4, 42-44; 16; Dtw 8,3; Sòm 78,24; Saij 16,20; 1Kor 10,3

manje.» ³⁷Men li reponn yo: «Bay yo manje nou menm.» Yo di li: «Èske se pou n al achte pou desan denye pen, epi pou nou bay yo manje?» ³⁸Li di yo: «Konbyen pen nou gen? Ale wè non.» Lè yo fin konnen, yo di: «Senk ak de pwason.» ³⁹Lè sa a, li pase yo lòd pou fè tout moun ranje kò yo pa ti gwoup sou zèb vèt la. ⁴⁰Yo lonje kò yo atè, ti bann san moun ak senkant moun. ⁴¹Aprè sa li pran senk pen yo ak de pwason yo, li leve je l nan syèl la, li beni yo, li kase pen yo, e li renmèt yo bay patizan l yo pou yo separe bay moun yo. De pwason yo tou li separe yo bay tout moun. ⁴²Tout moun manje vant plen. ⁴³Yo ranmase rès yo, yo plen douz panyen. Restan pwason yo te ladan tou. ⁴⁴Te gen senk mil gason ki te manje nan pen yo.

Jezi mache sou dlo
Mt 14,22-33; Jn 6,16-21

Mt 14, 22-23; Jn 6, 15-21

⁴⁵Touswit apre li fòse patizan l yo monte nan kannòt la pou yo pran devan al Betsayida lòt bò lanmè a, antan li menm li voye foul la ale. ⁴⁶Lè li fin voye y ale, l al nan mòn nan pou li lapriyè. ⁴⁷Alabrindiswa, kannòt la te nan mitan lanmè a. Li menm li te pou kont li atè. ⁴⁸Lè li wè yo t ap pase traka pou ranmen, paske van an te kontrè pou yo, nan douvanjou, l al jwenn yo antan l ap mache sou lanmè a. Li te vle depase yo. ⁴⁹Yo menm lè yo wè l ap mache sou lanmè a, yo te kwè se te yon revenan, yo pran rele. ⁵⁰Vreman tout te wè l, men yo te pè. Menm lè a, li pale ak yo, li di yo: «Pran kouraj non, se mwen menm wi, nou pa bezwen pè.» ⁵¹Li monte bò kote yo nan kannòt la, epi van an tonbe. Se pa ti sezi yo te sezi, ⁵²paske yo pa t rive konprann afè

Jb 9,8; Sòm 77,20; Ekltk 24,5

4,41; Lk 5,9

4,13; 7,18

pen yo, men lespri yo te bouche toujou.

Jezi geri anpil moun Jenezarèt
Mt 14,34-36

⁵³Lè yo fin janbe, yo touche tè bò Jenezarèt, yo akoste. ⁵⁴Kou yo sòti nan kannòt la, la menm, moun yo rekonèt li. ⁵⁵Yo kouri nan tout zòn sa a, epi yo kòmanse pote moun malad yo, sou kabann yo, kote yo tandè li te ye a. ⁵⁶Toupatou kote li te antre, kit nan bouk yo, kit lavil, kit andeyò, yo te mete malad yo sou plas piblik yo, epi yo te mande l pou yo te kapab touche menm si se ta annik bò rad li. Tout moun ki te touche l te sove.

Mt 14, 34-36; Mk 3,7; Mt 4, 23-24

Mt 9,35

Mt 12,15; Lk 6,17; Mk 1,32; Res 15,38

Koutim Ansyen yo
Mt 15,1-20

7 ¹Farizyen yo ak kèk pwofesè Lalwa te sòti Jerizalèm, yo sanble bò kote l. ²Yo wè kèk nan patizan l yo k ap manje pen ak men yo konsa, kidon san lave. ³Farizyen yo ak tout Jwif yo pa janm manje san yo pa lave men yo jis nan koud. Konsa yo kenbe koutim ansyen yo. ⁴Lè yo tounen sòti nan mache, yo p ap manje si yo pa benyen anvan. Gen anpil lòt koutim toujou y ap swiv, tankou lave gode, krich, veso kwiv, ak chodyè. ⁵Konsa Farizyen yo ak pwofesè Lalwa yo mande l: «Poukisa patizan w yo pa mache dapre koutim ansyen yo, men y ap manje pen ak men yo konsa?» ⁶Li reponn yo: «Pwofèt Izayi te byen pale sou nou, bann ipokrit, jan sa ekri a:

Mt 15, 1-9

Lk 11,38

Iz 29,13

Pèp sa a, se nan bouch li respekte mwen

men kè yo byen lwen mwen

⁷Sèvis yo fè pou mwen, se pèdi tan, tou sa y ap montre se lòd moun bay.

6,49: Mache sou dlo lanmè... Li montre pouwva Bondye a. Yo gade lanmè tankou kote fòs sa ki mal la rete.

7,2: Yo pa janm manje san yo pa lave men yo... Nan relijyon Jwif yo, yon bagay ki konsekan anpil se te kenbe kò w pwòp, pou w te

kapab patisipe nan seremoni yo. Se pa ni yon afè ijyèn, ni yon afè moral se kondisyon Lalwa mete pou w kapab fè kèk seremoni relijye. Men yon egzanp ki montre kouman Jwif yo te konn blije fè pwòpte anvan seremoni yo (Egzòd 30,18-21).

⁸ Nou lage kòmandman Bondye pou nou swiv koutim moun kite pou nou. »

⁹ Li di yo ankò: « Nou meprize kòmandman Bondye a byen meprize pou nou kenbe pwòp koutim nou yo. ¹⁰ Moyiz li menm te di konsa :

20,12;
21,17;
Lev
20,9

*Respekte papa w ak manman w,
epitou sila ki pale papa l
oubyen manman l mal,
merite yo touye l.*

¹¹ Men nou menm nou di: ‘Si yon moun di papa l oubyen manman l ‘kòban’, sa vle di tou sa mwen genyen ki pou ta ede nou a, se kado mwen deja mete sou kote pou Bondye, ¹² nou pèmèt li pa fè anyen ankò pou papa l osinon manman l. ¹³ Konsa ak koutim youn te kite bay lòt, nou fè Pawòl Bondye a vin san valè. Gen anpil bagay konsa nou fè toujou. »

Mt 15,
10-20

¹⁴ Apre sa, li rele foul moun yo vin bò kote l ankò, li di yo: « Koute mwen nou tout, epi chèche konprann. ¹⁵ Pa gen anyen ki sòti deyò pou antre nan moun ki kapab sal li, men se sa ki sòti anndan moun nan, se li ki sal moun nan. ¹⁶ Si yon moun gen zòrèy pou l tandè, tandè. »

¹⁷ Lè li rive lakay li, lwen foul la, patizan l yo mande l kesyon sou parabòl la. ¹⁸ Li di yo: « Kouman, nou menm tou nou san konprann? Èske nou pa konnen tou sa ki deyò epi ki antre nan yon moun, li pa kapab sal li, ¹⁹ paske li pa antre nan kè l men nan vant li, epi li sòti ale nan latrin? »
Konsa li deklare tout manje pwòp. ²⁰ Li di ankò: « Se sa ki sòti nan yon moun,

TAp10,
11-15;
Gal
2,12;
Kol
2,21;
Wm
14,14

7,15: *Pa gen anyen ki sòti deyò... Jezi wete lide sakre nan rit pwòpte sa yo. Pa gen anyen nan sa Bondye kreye ki pa pwòp. Se pa derespekte Bondye si nou touche yon moun malad, yon kadav oswa yon bagay ki tache ak san (Levitik 15). Lè nou manje tèl ou tèl bagay, sa pa deranje l. Peche se toujou yon bagay ki sòti nan kè w, se pa yon bagay ki antre nan bouch ou.*

7,24: *L ale nan rejyon Ti... Se moman kote otorite yo vire kont Jezi. Fòk li pati lwen, nan mawon, nan fwontyè Galile kote yo siveye li mwens, epi la li pi fasil pou li chape.*

se li ki sal moun nan,²¹ paske se anndan kè moun yo tout move lide sòti, tankou move plezi, vòlè, touye moun, ²² adiltè, renmen lajan twòp, mechans-te, riz, banbòch, move je, derespekte Bondye, lògèy, fè foli. ²³ Tout move bagay sa yo, se anndan yo sòti, se yo ki sal moun nan. »

Yon madanm Siwofenisi kwè nan Jezi

Mt 15,21-28

²⁴ Li leve sòti la, l ale nan rejyon Ti. Li antre nan yon kay. Li te vle pou pèsonn pa konnen, men sa pa t kapab rete kache. ²⁵ Ki fè yon madanm, ki te gen ti fi l ak yon lespri malpwòp sou li, tandè pale de Jezi. Li vin lage kò l nan pye l. ²⁶ Madanm nan te yon etranje, sòti nan ras moun Siwofenisi. Li mande l chase demon an sòti sou ti fi li a. ²⁷ Li di l konsa: « Kite timoun yo plen vant yo anvan, paske sa pa bon pou wete pen nan bouch pitit yo, pou voye l bay ti chen. » ²⁸ Li menm li reponn, li di l: « Granmèt, sèlman ti chen ki anba tab konn manje nan kras pen timoun yo. » ²⁹ Jezi di l: « Poutèt pawòl sa a, ou mèt ale lakay ou, demon an gen tan sòti sou ti fi w la. » ³⁰ Li pati al lakay li, li jwenn pitit la kouche sou kabann li. Demon an te gen tan sòti sou li.

Mt 15,
21-28;
1Wa
17,8-24

Jezi geri yon nèg ki soud e bege

³¹ Li kite rejyon Ti ankò, li pase Sidon pou rive sou bò lanmè Galile nan mitan peyi Dekapòl. ³² Yo mennen yon nèg ba li ki te soud, epi ki te bege. Yo priye l angras pou li poze men sou li. ³³ Li pran l apa sòti nan mitan foul la. Li

Mt 15,
29-31;
Mk 8,
22-26

7,27: *Sa pa bon pou wete pen nan bouch pitit yo pou voye l bay ti chen... An jeneral, Jwif yo meprize etranje. Jwif yo se pitit, etranje menm se chen. Jezi reponn madanm lan ak yon pwovèb Jwif te konn sèvi pou meprize etranje. Jezi pa t ko antre nan misyon l pou etranje yo, li aji kòm yon Jwif.*

7,28: *Granmèt, sèlman ti chen ki anba tab konn manje ti kras pen timoun yo. Madanm nan, yon etranje, aksepte jouman an, men li sitèlman gen konfyans nan pouvwa Jezi, l ap tann Jezi sove pitit li a.*

mete dwèt li nan zòrèy li epi li krache, li touche lang li. ³⁴Li leve je l nan syèl la, li fè yon soupi, li di l: «Efata», sa vle di «Louvri.» ³⁵La menm zòrèy li louvri, ak lang li lage, li pran pale kòrèk. ³⁶Li pase yo lòd pou yo pa rakonte pèsonn sa. Men, plis li t ap mande yo sa, se plis yo t ap mache gaye sa. ³⁷Yo te sezi nèt, yo t ap di: «Li fè tout bagay byen. Li fè moun soud yo tande, ak moun bèbè yo pale.»

lz 35,5

Jezi bay katmil moun manje

Mt 15,32-39

Mt 15, 32-39; Lk 9, 10-17; Mk 6, 30-44

8 ¹Jou sa yo, yon lòt fwa ankò, yon gwo foul te sanble, san yo pa t gen anyen pou yo te manje. Li rele patizan yo, li di yo: ²«Kè m fè m mal pou pèp la. Sa fè twa jou deja yo rete la ak mwen. Yo pa gen anyen pou yo manje. ³Si mwen voye yo lakay yo tou grangou konsa, y ap tonbe fèblès nan wout la. Gen nan yo la a ki sòti lwen.» ⁴Patizan l yo reponn li: «Ki bò moun kapab jwenn pen pou plen vant tout moun sa yo isit la, nan dezè a?» ⁵Men li mande yo: «Konbyen pen nou genyen?» Yo di: «Sèt» ⁶Li bay foul la lòd pou yo kouche atè. Li pran sèt pen yo, li lapriyè, li di mès, li kase yo epi li remèt yo bay patizan l yo, pou yo separe. Konsa yo separe yo bay foul moun yo. ⁷Yo te gen kèk ti pwason tou. Apre li fin beni yo, li mande pou yo separe yo tou. ⁸Moun yo manje vant plen. Yo plen sèt panyen ak mòso ki te rete yo. ⁹Te kapab gen yon katmil moun konsa. Li voye yo ale. ¹⁰Touswit

apre, li monte nan kannòt la ak patizan l yo, l ale nan rejyon Dalmanouta.

Farizyen yo mande yon siy

Mt 16,1-4

¹¹Farizyen yo vini, epi yo tanmen diskite ak li. Yo mande l yon siy sòti nan syèl, pou yo te sonde l. ¹²Li fè yon gwo soupi ki sòti nan fon kè l, li di: «Poukisa jenerasyon sa mande siy? Anverite, mwen di nou, pa gen okenn siy y ap bay jenerasyon sa a.» ¹³Li kite yo, li tounen monte nan kannòt la, epi li pati pou lòt bò lanmè a.

Mt 16, 1-4; Lk 12,54; Mt 12, 38-40; Jn 6,30; lz 7,11; Res 14,11

Lèdven Farizyen yo ak Ewòd

Mt 16,5-12

¹⁴Yo te bliye pran pen, ki fè yo pa t gen plis pase yon sèl pen ak yo nan kannòt la. ¹⁵Li fè yo obsèvasyon sa a, li di: «Gade byen, pran prekosyon nou ak ledvèn Farizyen yo, ni ak ledvèn Ewòd la.» ¹⁶Yo t ap diskite youn ak lòt, yo di: «Se paske nou pa gen pen.» ¹⁷Li konn sa epi li di yo: «Poukisa n ap diskite nou pa gen pen? Èske nou poko wè klè? Ni nou pa konprann toujou?» ¹⁸Nou gen je, nou pa wè? Nou gen zòrèy, nou pa tande? Kouman, nou pa sonje? ¹⁹Lè mwen te kase senk pen pou senk mil moun yo, konbyen panyen plen mòso nou te ramase?» Yo di l: «Douz» ²⁰«E lè se te sèt pou katmil moun yo, konbyen panyen plen mòso nou te jwenn?» Yo reponn li: «Sèt» ²¹Lè sa a li di yo: «Nou poko konprann toujou?»

Mt 16, 5-12; Lk 12,1; 1Kor 5,6

4,13

Jer 5,21; Ezk 12,2

6,35-44

8,1-9

Jezi geri yon avèg nan Betsayida

²²Yo rive Betsayida. Yo mennen yon

7,36: Li pase yo lòd pou yo pa rakonte pèsonn sa... Plizyè fwa lè Jezi fin fè yon mirak, li mande pou moun pa pale sou sa. Paske li pa t vle moun yo defòme sans misyon li kòm Kris oswa Sovè.

8,1: Se yon diferans nou jwenn ak lòt mirak nou te jwenn nan Mak 6,30-44, kote nou kapab di se Jwif ase ki te la.

8,4: Nan dezè a Fè nou sonje jan pèp la te grangou nan dezè a epi Bondye te ba li lamàn (Egzòd 16). Kounye a chèf pèp la se Jezi k ap bay moun yo manje.

8,8: Yo ranmase sèt panyen... Nan pataj pen

ak Jwif yo, yo te ranmase douz panyen (Mk 6, 30-34), chif ki senbolize pèp Jwif la, kounye a se sèt panyen yo ranmase, se chif pou montre tout moun sou tè a.

8,11: Farizyen yo vini e yo tanmen diskite avè l... Farizyen yo pa vle rekonèt tout travay Jezi fè deja a, se ak pouvwa Bondye li fè yo, yo kontinye ap mande siy.

8,15: Gade byen, pran prekosyon nou ak ledvèn Farizyen yo, ak ledvèn Ewòd la. Nan Matye 16,5-12, Jezi esplike ak lè ledvèn an se sa Farizyen yo t ap montre pèp la.

Jn 9,6 nèg avèg ba li, yo lapriyè l pou li touche l. ²³Li pran men avèg la epi li mennen l andeyò bouk la. Li krache nan je l, epi li poze men l sou li, li mande l: «Èske ou wè kichòy?» ²⁴Avèg la louvri je l, li di: «Mwen wè moun, se tankou pyebwa k ap mache.» ²⁵Lè sa a, li tounnen mete men l sou je l yo, li vin wè klè, li te geri, li te wè tout bagay byen klè. ²⁶Li voye l ale lakay li, li di: «Pinga w antre nan bouk la menm.»

Pyè rekonèt Jezi se Kris la

Mt 16,13-20; Lk 9,18-21

Mt 16, 13-20; Lk 9, 18-21; Jn 6, 68-69
4,22; 9,9
²⁷Jezi pati ansanm ak patizan l yo, pou bouk ki nan zòn Sezare Filip yo. Antan yo sou wout, li mande patizan l yo kesyon sa a: «Kilès moun yo di mwen ye?» ²⁸Yo menm yo reponn li: «Janbatis. Gen lòt ki di, Eli. Gen toujou ki di ou se youn nan pwofèt yo.» ²⁹Lè sa a li mande yo: «E nou menm, kilès nou di mwen ye?» Pyè pran lapawòl, li di l: «Ou se Kris la.» ³⁰Men li bay yo lòd byen sevè pou yo pa di pèsonn anyen sou li.

Jezi anonse lanmò l ak leve byen vivan an

Mt 16,21-28; Lk 9,22-27

Mt 16, 21-23; Lk 9,22
³¹Li kòmanse preche yo: «Pitit moun nan gen pou li soufri anpil. Ansyen yo, chèf prèt ak pwofesè Lalwa yo, ap rejte l. Y ap touye l, men apre twa jou, l ap leve byen vivan ankò.» ³²Li t ap pale koze a toutaklè, men Pyè rale l sou kote epi li kòmanse ap fè l repwòch. ³³Li menm li vire, li wè patizan l yo, li pale sevè ak Pyè, li di l konsa: «Wete kò w, pase dèyè mwen,

Satan, paske lide w pa lide pa Bondye, men lide moun.» ³⁴Lè sa a li rele foul la, ansanm ak patizan l yo, li di yo: «Si yon moun vle mache dèyè mwen, se pou li bliye pwòp tèt li, se pou li pote kwa l pou li swiv mwen.» ³⁵Moun ki vle sove lavi l, va pèdi l, men moun ki pèdi lavi l poutèt mwen ak Bon Nouvèl la, li va sove l. ³⁶Kisa sa ta sèvi yon moun pou li gen tout tè a si l pèdi lavi l? ³⁷Kisa yon moun pa ta bay pou twoke ak lavi l? ³⁸Reyèlman vre, si yon moun wont mwen ak pawòl mwen yo devan jenerasyon sa a, ki adiltè, epi k ap viv nan peche, Pitit moun nan tou ap wont li, lè l ap vini nan glwa Papa l, ansanm ak zanj ki sen yo.»

Mt 16, 24-28; Lk 9, 23-27; 14,26

13,15; Lk 9,24

3 28; Lk 12,1; 12,51; 21,14; Sòm 49,8; Mt 10,33; 2Tm 2,12

9 ¹Li di yo ankò: «Anverite, mwen di nou, gen nan moun ki la yo, ki p ap konnen sa yo rele lanmò jistan yo wè Peyi kote Bondye Wa a rive ak fòs pouvwa.»

Mt 17, 1-9; Lk 9, 28-36; Mk 13,30; Wm 1,4

Jezi chanje figi

Mt 17,1-13; Lk 9,28-36

²Sis jou apre sa, Jezi pran Pyè, Jak ak Jan, epi li mennen yo, pou kont yo, yon kote ki apa, nan yon mòn byen wo. Figi l chanje fòm, la devan yo, ³rad li vin klere tou blan, tèlman blan, pa gen lèsiviyè sou latè ki kapab blanchi konsa. ⁴Eli ansanm ak Moyiz parèt devan yo. Yo t ap pale ak Jezi. ⁵Pyè pran lapawòl, li di Jezi konsa: «Rabi, li bon pou nou isit la, an nou fè twa jounpa, youn pou ou, youn pou Moyiz, youn pou Eli.» ⁶Li pa t konnen sa pou

2Kor 3,18; Mt 28,3; Ap 3,4

8,29: *Ou se Kris la.* Mo Kris la nan lang grèk gen menm sans ak Mesi nan lang ebre. Ou kapab esplike toulède konsa «Moun Bondye sakre ak lwil la epi li voye a.» Kris la, Mesi a, Sovè Jwif yo t ap tann nan. Pou premyè fwa apre yon bon bout tan ak Jezi, apot yo te rekonèt Jezi se Kris Bondye te pwomèt la. Li montre yo l ap reyalize misyon li an nan soufrans ak nan lanmò.

8,33: Pyè vle detounen Jezi nan misyon li. Se poutèt sa Jezi rele l Satan, menm jan nan kòmansman travay li a, Satan te vle detounen Jezi (Mk 1,13).

9,2: *Sis jou apre... Figi l chanje fòm la devan yo.* Evènman sa a se youn nan sa ki pi enpòtan nan Nouvo Kontra a. Moyiz reprezante Lalwa, Eli reprezante Pwofèt yo, sa vle di, tout Ansyen Kontra a. Bondye te voye Moyiz ak Eli sou mòn sakre a pou yo te kapab vin temwen glwa li sou mòn nan (Egzòd 33,18; 1Wa 19,9). Konsa tou Jezi mennen apot yo sou mòn nan pou yo kòmanse wè glwa li ki pral parèt jou Pak la. Jezi te fin anonse soufrans ak lanmò l. Jou a rive pou Papa a di li dakò ak chwa Jezi te fè a.

40,35; D1w
18,15; T Ap
3,22
li te di, pou jan yo te pè. ⁷Trouve yon nyaj fè yon lonbray sou yo, e yon vwa sòti nan nyaj la: «Sila a se Pitit mwen renmen anpil la, koute li.» ⁸La menm nan pwonmennen je yo, yo pa wè pèsonn ak yo ankò sòf Jezi sèlman. ⁹Antan yo t ap desann mòn nan, li pase yo lòd pou yo pa rakonte pèsonn sa yo te wè a, jistan Pitit moun nan va leve byen vivan sòti pami mò yo. ¹⁰Yo kenbe pawòl la pou yo, men yo t ap pale ansanm pou konnen sa sa vle di 'leve byen vivan sòti pami mò yo.' ¹¹Yo mande l kesyon sa a: «Poukisa pwofesè Lalwa yo di: Eli gen pou vini anvan.» ¹²Li reponn yo: «Se vre Eli ap vini anvan, pou li mete tout bagay nan plas yo. Men kouman fè yo ekri sou Pitit moun nan, li gen pou l soufri anpil, epi y ap meprize l? ¹³Ebyen mwen di nou: Eli vini deja, men yo fè sa yo pi pito ak li, jan sa te ekri sou li a.»

Mt 17, 10-13;
Mal 3,23;
Eklk 48,10;
Mt 11,14;
Jn 1,21
lz 52,14

Mt 21,32;
Lk 16,16

Jezi geri yon ti gason lespri malpwòp kenbe

Mt 17,14-20; Lk 9,37-43a

¹⁴Lè yo rive bò kote lòt patizan yo, yo wè yon gwo foul moun k ap antoure yo, ak pwofesè Lalwa yo k ap diskite ak yo. ¹⁵Lè tout foul moun yo wè l, sezisman pran yo epi yo kouri vin salye l. ¹⁶Li mande yo: «Kisa n ap diskite konsa ak yo?» ¹⁷Yon moun nan foul la reponn li: «Mèt, mwen te mennen pitit gason mwen an bò kote w, li gen yon lespri bèbè sou li. ¹⁸Nenpòt kote li pran l, li fese l atè. Lè konsa li kimen, li sere dan l, epi li vin tou rèd. Mwen te mande patizan w yo pou yo chase l men yo pa

Mt 17, 14-21;
Lk 9, 37-42

t kapab.» ¹⁹Li menm li reponn yo: «Ala jenerasyon moun san lafwa. Jis kilè pou mwen la ak nou? Jis kilè pou mwen sipòte nou? Mennen l ban mwen.» ²⁰Yo mennen l ba li. Lè lespri a wè l, la menm li souke l byen souke. Li tonbe atè, li woule ap kimen. ²¹Li mande papa l: «Depi konbyen tan bagay sa sou li?» Li reponn: «Depi li tou piti. ²²Anpil fwa, li jete l menm nan dife, oubyen nan dlo, pou touye l. Men si w kapab, tanpri gen pitye pou nou, ede nou.» ²³Jezi di l: «Si w kapab!? Tout bagay posib pou moun ki kwè.» ²⁴Menm lè a papa pitit la rele byen fò: «Mwen kwè, ede mwen, pou lafwa mwen manke a.» ²⁵Lè Jezi wè foul moun yo ap kouri sanble, li pale rèd ak lespri malpwòp la, li di l: «Ou menm, lespri bèbè, lespri soud, mwen kòmande w, sòti sou li epi pa antre sou li ankò.» ²⁶Li pati yon rèl, li souke l byen souke epi li sòti. Ti gason an rete kòm si li mouri, ki fè anpil moun t ap di li mouri. ²⁷Men Jezi pran men l, li fè l leve, e pitit la kanpe. ²⁸Lè Jezi antre nan kay la, antan yo pou kont yo, patizan l yo mande l: «Poukisa nou menm nou pa t kapab chase l?» ²⁹Li di yo: «Kalite sa a, anyen pa kapab fè l sòti, sòf lapriye.»

Mt 21,21;
Mk 11,22
Lk 17,5

Dezyèm anons soufrans ak lanmò Jezi

Mt 17,22-23; Lk 9,43b-45

³⁰Yo sòti la, yo travèse peyi Galile. Li pa t vle pou kèk moun te konnen. ³¹Reyèlman vre, li t ap montre patizan l yo anpil bagay. Li t ap di yo: «Pitit moun nan, y ap renmèt li nan men moun. Yo pral touye l. Men touye yo fin touye l,

1,26

Mt 17, 22-23;
Lk 9, 43-45

9,7: *Yon nyaj vlope yo.* Nyaj la se siy prezans Bondye nan mitan pèp li a (1Wa 8,10; Egzòd 13,21).

–*Koute li...* Apot yo t ap mache ak Jezi depi yon lane konsa. Yo te wè kouman otorite relijye yo pa t dakò ak Jezi. Jezi chwazi fè volonte Papa a menmsi sa ap mennen l nan lanmò. *Sila se Pitit mwen renmen anpil la. Koute li.* Ansyen Kontra a fini nèt, kounye a se Jezi yo dwe koute, paske se li Pawòl la ki tounen moun. Pwofèt la ak tout lòt yo, se sou li yo te pale (Detewonòm 18,17; Ebre 1,1).

9,11: *Poukisa pwofesè Lalwa yo di: «Eli gen pou vini anvan» ...* Gen kèk mòso nan Labib la ki te di pwofèt Eli te gen pou li tounen sòti nan syèl la anvan Kris la vini, pou li pa jwenn okenn pwoblèm ak pèp li a (Malachi 3,1; 3,22). Se sa apot yo t ap tann tou, pou Jezi pa sibi lanmò. Men Jezi deklare ankò sa li te deja di: Menm pwofèt yo anonse imilyasyon ak soufrans Moun Bondye voye a. Jezi envite apot yo pou yo pa pran pawòl Labib la mo pou mo. Eli p ap retounen pèsònèlman. Janbatis te vini kòm yon nouvo Eli (Mt 17,13).

apre twa jou, li pral leve byen vivan. »
 32 Yo menm, yo pa t konprann sans pa-
 wòl la, men yo te pè mande l kesyon.

Ki moun ki pi gran nèg

Mt 18, 1-5; Lk 9, 46-48; Mk 10, 43; Lk 10, 16
 Mt 18, 1-5; Lk 9, 46-48

33 Y ale Kafanawòm. Rive li rive nan kay la, li mande yo : « Kisa nou t ap diskite konsa nan wout la ? » 34 Yo rete san yo pa di anyen, paske nan chemen an yo t ap diskite youn ak lòt kilès ki pi gran nèg. 35 Lè li chita li rele douz yo, li di yo : « Si yon moun vle pou li premye se pou l vin dènye pami tout moun epi pou li tounen sèvitè tout moun. » 36 Epi li pran yon timoun piti, li mete l kanpe nan mitan yo, li sere l lan bra l, epi li di yo : 37 « Nenpòt moun ki resevwa youn nan timoun piti tankou sa yo, nan non mwen, se mwen menm li resevwa. Epi nenpòt moun ki resevwa mwen, se pa mwen li resevwa men Sila a ki voye mwen an. »

Moun ki pa kont nou li pou nou

Lk 9, 49-50

38 Jan di l konsa : « Pwofesè, nou te wè yon nèg ki t ap chase demon sou non w, men ki pa konn swiv nou. Nou te anpeche l fè sa. » 39 Men Jezi reponn li : « Pa anpeche l, paske nanpwen moun ki pral fè mirak sou non mwen pou touswit apre li ta kapab pale mwen mal. 40 Si yon moun pa kont nou, se pou nou li ye. 41 Nenpòt moun ki va ban nou bwè yon vè dlo nan non mwen, paske

se moun Kris la nou ye, anverite mwen di nou, li p ap pèdi rekonpans li. »

Peche se bagay grav

Mt 18, 6-9; Lk 17, 1-2

42 « Si yon moun fè youn nan piti sa yo ki kwè nan mwen bite, li ta pi bon pou moun sa a si yo te pran yon wòl moulen bourik konn vire, mare l nan kou l, epi voye l jete nan lanmè a. 43 Si se men w ki lakòz ou tonbe nan peche, koupe l. Pito w antre nan lavi a ak yon sèl men pase pou w ale ak de men w nan lanfè, kote dife a pa janm tenyen. 45 Si se pye w ki lakòz ou tonbe, koupe l. Pito w antre nan lavi a ak yon sèl pye pase pou yo jete w ak de pye w nan boukan dife. 47 Si se je w ki lakòz ou tonbe, rache l. Pito w antre nan Peyi kote Bondye Wa a ak yon sèl je pase pou yo jete w ak tou de je w nan boukan dife, 48 kote vè yo p ap mouri ak dife a p ap tenyen. 49 Reyèlman vre yo pral sale tout moun nan dife a. 50 Sèl la se yon bon bagay li ye. Men si sèl la vin fad ak kisa pou nou refè l ankò? Se pou nou gen sèl anndan nou, epi pou nou viv byen, nan kè poze youn ak lòt. »

Jezi pale sou divòs

Mt 19, 1-12

10 1 Lè l sòti la a, l ale nan limit Jide ak lòt bò Jouden an. Yon foul moun vin sanble bò kote l ankò. Jan li te toujou konn fè, li montre yo anpil bagay. 2 Farizyen yo pwoche epi yo

9,33-37 : Y ale Kafanawòm. Rive li rive nan kay la, li mande yo : « Kisa nou t ap diskite konsa nan wout la? » Jezi te ensiste anpil sou sèvis apot yo dwe rann anndan Legliz la. Men apot yo kontinye goumen pou pouvwa. Yo gen lide chèf nan tèt yo epi yo pa vle renonse ak pouvwa epi privilèj yo. Jezi vle korije anvì pouvwa ki antre anndan kominote la. Apot yo pa t konprann otorite nan Legliz Jezi a vle di rann moun yo sèvis. Sa yo vle se mete anndan kominote Legliz la, chapant macheskalye yo jwenn nan sosyete a ki pa viv pwojè Jezi a. Apre chapant piramid la antre nan yon enstisyon, swa nan fanmi an, swa nan sosyete a, swa nan Legliz la, se yon bagay ki difisil anpil pou chanje, paske anvì pouvwa a se yon bagay ki trè fò nan kè moun yo.

9,38 : Nou te wè yon nèg ki t ap sèvi ak Non w pou chase demon yo... Apot yo ap fè jalouzi pou Jezi, mèt yo. Yo pa t ko konprann kouman travay Jezi a pa rete nan sa Apot yo ap fè sèlman. Tout moun ki travay anfavè lavi moun, se moun k ap travay pou Gouvènman Bondye a rive.

9,44-46 : Vèsè 44 ak 46 se de vèsè yo te ajoute anpil tan apre. Yo pa t la nan vèsyon ki pi anyen yo poutèt sa nou pa mete yo isit la.

9,45 : Jete w ak de pye w nan boukan dife... Jan Jezi pale a fè nou sonje yon galèt toupre Jerizalèm kote yo te konn boule fatra toutan (Izayi 66,24).

10,2 : Èske yon nèg gen dwa voye madanm li ale? Matye ajoute : «...pou nenpòt ki bagay.»

mande l: «Èske yon nèg gen dwa voye madanm li ale?» Se sonde yo t ap sonde l. ³Li reponn yo: «Kisa Moyiz te ban nou lòd fè?» ⁴Yo di: «Moyiz te pèmèt ekri yon papye divòs pou voye l ale.» ⁵Jezi menm di yo: «Li te ekri lòd sa a pou nou, paske nou gen kè di. ⁶Men nan kòmansman, kreyasyon an menm, se gason ak fi li te fè yo. ⁷Se poutèt sa mesye a va kite papa l ak manman l epi li va mete l ansanm ak madanm li. ⁸Yo toulède ap fè yon sèl kò. Ki fè yo p ap de ankò, men yon sèl kò. ⁹Konsa, sa Bondye mete ansanm, pinga moun separe l.» ¹⁰Lè li antre nan kay la ankò, patizan yo mande l kesyon sou bagay sa a. ¹¹Li di yo: «Moun ki voye madanm marye l ale epi ki marye ak yon lòt, li fè adiltè sou li. ¹²Konsa tou yon madanm marye ki voye mari l ale pou li marye ak yon lòt, se adiltè li fè.»

Dtw
24,1

Jen 1,27

Jen 2,24

Mt 5,32;
Lk
16,18;
1Kor
7,10

Jezi beni timoun yo

Mt 19,13-15; Lk 18,15-17

¹³Yo pote kèk timoun piti ba li pou l touche yo, men patizan yo t ap kouri dèyè yo. ¹⁴Lè Jezi wè sa, li fache, li di yo: «Kite timoun yo vin kote mwen non. Pa anpeche yo. Reyèlman vre, se pou moun ki tankou yo Peyi kote Bondye Wa a ye. ¹⁵Anverite, mwen di nou, yon moun ki pa resevwa Peyi kote Bondye Wa a tankou yon timoun piti, li p ap antre ladann.» ¹⁶Aprè sa, li sere yo lan bra l, li poze men l sou yo epi li beni yo.

Mt 19,
13-15;
Lk 18,
15-17;
9,47-48

Mt 18,3;
Mk 9,
33-39;
10,43

Jezi ak nèg rich la

Mt 19,16-30; Lk 18,18-30

¹⁷Antan li t ap sòti pou l al nan wout la, yon nèg kouri vini, li lage kò l ajenuou devan l. Li mande l: «Bon Mèt, kisa pou m fè pou m eritye lavi ki p ap janm fini an?» ¹⁸Jezi di l: «Poukisa ou di mwen bon? Pèsonn pa bon, sòf Bondye sèl grenn. ¹⁹Ou konn kòmand-

Mt 19,
16-22;
Lk 18,
18-23

20,12-
16

man yo: pinga touye moun, pinga fè adiltè, pinga vòlè, pinga bay manti nan sèvi temwen, pinga fè koken, respektè papa w ak manman w.» ²⁰Li menm li di l: «Mèt, tout bagay sa yo mwen swiv yo depi mwen te tou jèn.» ²¹Jezi gade l byen, li renmen l, li di l: «Yon sèl bagay ki manke w, al vann tou sa w genyen, bay pòv yo li, ou va gen yon trezò nan syèl, epi vin swiv mwen.» ²²Li vin kagou poutèt pawòl la. L ale byen chagren paske li te genyen anpil byen. ²³Aprè sa, Jezi pwonmenen je l, li di patizan l yo: «Ala rèd sa va rèd pou yon moun rich antre nan Peyi kote Bondye Wa a.» ²⁴Patizan yo sezi pou pawòl li yo. Men Jezi tounen di yo: «Pitit, ala rèd sa rèd pou antre nan Peyi kote Bondye Wa a. ²⁵Li pi fasil pou yon chamo pase nan je yon zegwi pase pou yon moun rich antre nan Peyi kote Bondye Wa a.» ²⁶Yo menm yo vin pi sezi toujou, youn t ap di lòt: «Ki moun ki kapab sove?» ²⁷Jezi gade yo, li di: «Pou moun, sa enposib, men pa pou Bondye, paske tout bagay posib pou Bondye.» ²⁸Pyè kòmanse di l: «Men nou menm nou kite tout bagay pou nou swiv ou.» ²⁹Jezi di: «Anverite mwen di nou, pa gen yon moun ki kite kay, oubyen frè, oubyen sè, oubyen manman, oubyen papa, oubyen pitit, oubyen jaden, poutèt mwen ak poutèt Bon Nouvèl la, ³⁰pou li pa resevwa, kounye a menm, nan tan sa a, san fwa plis: kay, frè, sè, manman, pitit, jaden, ansanm ak pèsekisyon, epi nan tan k ap vini an, lavi ki p ap janm fini an. ³¹Anpil premye ap vin dènye, epi dènye ap vin premye.»

Mt 6,20;
Lk 12,33

Mt 19,
23-26;
Lk 18,
24-27;
Mk 4,19

Mt 19,
27-30;
Lk 18,
28-30

Mt
19,30;
20,16;
Lk
13,30

Jezi anonse yon twazyèm fwa l ap mouri epi l ap leve byen vivan

Mt 20,17-19; Lk 18,31-34

³²Yo te nan wout pou monte Jeriza-

Mt 20,
17-19;
Lk 18,
31-33;
Jn 11,
7-8;
11,16

Gen diferans sou koze sa a ant Mak ak Matye. Matye sèvi ak Lalwa Jwif ki defann gason sèlman, men Mak sèvi ak Lalwa Women ki mete fi ak gason sou menm pye (Mt 19,9).

10,32: Jezi t ap mache devan yo... Lespri ki te mache ak Jezi a, ba li fòs kouraj pou li monte Jerizalèm fè volonte Papa l jouk nan dènye bout. An menm tan li chèche fè patizan yo pa espere

lèm. Jezi t ap mache devan yo. Yo te sezi, epi moun ki t ap swiv yo te pè. Li pran douz yo apa ankò, li kòmanse di yo sa ki pral rive l. ³³ «Men n ap monte Jerizalèm. Y ap lage Pitit moun nan nan men chèf prèt ak pwofesè Lalwa yo. Y ap kondane l amò, y ap lage l nan men etranje yo. ³⁴ Y ap pase l nan rizib, y ap krache sou li, y ap bat li epi y ap touye l, men apre twa jou l ap leve byen vivan. »

Demann Jak ak Jan

Mt 20,20-28

³⁵ Jak ak Jan, pitit Zebede yo, pwoche bò kote l, yo di l : « Pwofesè, nou ta renmen w fè sa nou pral mande w la, pou nou. » ³⁶ Li di yo : « Kisa nou vle mwen fè pou nou ? » ³⁷ Yo di l : « Fè nou favè sa a, pou nou chita youn adwat ou, youn agòch ou, lè ou va nan glwa w. » ³⁸ Jezi reponn yo : « Nou pa konnen sa n ap mande la a. Èske nou kapab bwè vè mwen gen pou mwen bwè a ? Oubyen èske nou kapab benyen nan beny mwen genyen pou m benyen ladan an ? » ³⁹ Yo di l : « Nou kapab. » Jezi reponn yo : « Vè mwen gen pou mwen bwè a, n a bwè l. E n a benyen nan beny mwen gen pou m benyen ladan an, ⁴⁰ men kanta pou chita adwat mwen, oubyen agòch mwen, se pa mwen ki bay sa, men se pou sila yo, yo te fin prepare sa. » ⁴¹ Lè dis yo tandè sa, yo tanmen fache sou Jak ak Jan. ⁴² Jezi rele yo bò kote l, li di yo : « Nou konnen, moun yo rekonèt tankou chèf nasyon yo, pran pòz gran senyè sou yo, epi gran nèg yo ap fè yo santi fòs pouvwa yo. ⁴³ Se pa konsa pou nou. Okontrè, sa ki vle vin otorite nan pami nou se pou l vin sèvitè nou. ⁴⁴ Sa ki pami nou vle vin premye, se pou li vin sèvitè tout moun : ⁴⁵ reyèlman vre, Pitit moun nan pa vini

Mt 20, 20-23
10,51
14,36; Sòm 75,9; lz 51,17
T Ap 12,2; Lk 12,50
Mt 20, 24-28; Lk 22, 24-27
9,35; Lk 9,48
lz 53,11; 1Tm 2,5

pou yo sèvi l, men pou li sèvi, epi pou li bay lavi l pou peye delivrans anpil moun. »

Jezi geri Batime, avèg la

Mt 20,29-34; Lk 18,35-43

⁴⁶ Yo vin Jerikò. Kòm li t ap sòti Jerikò ansanm ak patizan l yo, ak yon gwo foul moun, Batime, yon avèg, pitit gason Time, te chita sou bò chemen an ap mande lacharite. ⁴⁷ Lè li tandè se Jezi moun Nazarèt la, li pran rele : « Jezi, pitit David, o, gen pitye pou mwen. » ⁴⁸ Anpil moun t ap pale rèd ak li, pou l ta pe bouch li. Men li menm li t ap rele pi fò : « Pitit David, o, gen pitye pou mwen. » ⁴⁹ Jezi rete, li di konsa : « Rele l. » Yo rele avèg la, yo di l : « Kouraj, leve non, men l ap rele w. » ⁵⁰ Li menm menm li voye palto l jete, li vole al jwenn Jezi. ⁵¹ Jezi pale avè l, li di l : « Sa w vle mwen fè pou ou ? » Avèg la reponn li : « Rabouni, pou mwen wè. » ⁵² Jezi di l : « Ale non, lafwa w sove w. » Menm lè a, li wè epi li swiv li nan wout la.

Mt 20, 29-34; Lk 18, 35-43

Lk 7,50

Jezi antre Jerizalèm

Mt 21,1-11; Lk 19,28-38; Jn 12,12-16

11 ¹ Kòm yo te pre Jerizalèm, tou pre Betfaje ak Betani, bò mòn Oliv la, li voye de nan patizan l yo, li di yo : ² « Ale nan bouk ki devan nou an. Touswit, kou n antre ladan, n a jwenn yon ti bourik ki mare, pèsonn moun poko janm chita sou li. Lage l, mennen ban mwen. ³ Si yon moun mande nou ‘Ki sa n ap fè konsa ?’, n a reponn : ‘Se Mèt la ki bezwen l. L ap voye l tounen touswit.’ » ⁴ Y ale, yo jwenn ti bourik la mare akote yon pòt, deyò nan lari a, yo lage l. ⁵ Pami moun ki te la yo genyen ki di yo : « Sa n ap fè la a, apa n ap lage ti bourik la ? » ⁶ Yo di yo sa Jezi te di yo a, epi yo kite yo. ⁷ Yo mennen ti bourik

Mt 21, 1-11; Lk 19, 28-38; Jn 12, 12-16; Mk 14,26; Zak 14,4

Zak 9,9

lz 62,11

yon viktwa politik. Se yon lòt kalite viktwa yo dwe espere. Men yo toujou gen nan tèt yo yon Sovè tankou yon lidè politik ak nasyonalis, jan nou pral wè l nan vèsè 35 ss.

10,47 : Pitit David : Se te youn nan non yo te

konn bay Kris la. Non sa a reprezante lespwa nan yon Sovè politik ak nasyonalis.

11,1 : Kòm yo te pre rive Jerizalèm... Jezi ap monte Jerizalèm ansanm ak yon foul moun. Yo pral fete fèt Pak la. Pèp la te konprann lè a te rive

la bay Jezi, yo voye kèk rad yo sou li, epi li monte sou li. ⁸Anpil moun tann rad yo sou wout la, gen lòt menm ki t ap koupe bouke fèy nan jaden yo. ⁹Ni sa ki t ap mache devan, ni sa ki t ap mache dèyè, t ap rele: « *Ozana, benediksyon pou Sila a k ap vini onon Granmèt la,* ¹⁰benediksyon pou reny papa nou David k ap vini an. *Ozana pou Sila ki anwo nèt la.* » ¹¹E li antre Jerizalèm nan Tanp lan, li pwomennen je l sou tout bagay. Kòm li deja fin ta, li sòti, l ale Betani ak Douz yo.

Sòm
118,
25-26

Pye fig Frans ki pa donnen an

Mt 21,18-19

Mt 21,
18-19
Lk 13,6;
Jer 8,13;
Oze
9,16;
Mi 7,1

¹²Nan demen, lè y ap sòti Betani li santi l grangou. ¹³Li wè yon pye fig frans lwen ki te gen fèy, li vanse pou sizoka li t a jwenn kichòy ladan. Men lè l mache sou li, li pa jwenn anyen pase fèy sèlman, paske se pa t sezon fig frans. ¹⁴Li pale ak li, li di: « Se pou pèsonn pa janm manje okenn fwi nan ou ankò. » Patizan l yo t ap koute.

Jezi kouri dèyè moun k ap fè komès nan Tanp lan

Mt 21,12-17; Lk 19,45-48; Jn 2,14-16

Mt 21,
12-17;
Lk 19,
45-48;
Jn 2,
14-16

¹⁵Li vin Jerizalèm, li antre nan Tanp lan. Li kòmanse mete deyo moun ki t ap vann, epi ki t ap achte nan Tanp lan, li chavire tab moun ki t ap chanje lajan yo, ak chèz machann pijon yo.

Zak
14,21

Iz 56,7;
Jer 7,11

¹⁶Li pa t kite pèsonn ki t ap pote veso travèse Tanp lan. ¹⁷Li montre yo anpil bagay, li di yo: « Èske se pa sa ki ekri: *Y a rele kay mwen kay lapriyè pou tout pèp etranje? Men nou menm, nou fè l tounen kachèt atoufè.* » ¹⁸Chèf prèt ak pwofesè Lalwa yo vin tandè sa. Yo t ap chèche kijan pou yo disparèt li. Reyèlman vre, yo te pè li, paske tout

3,6;
14,1

foul la te sezi pou sa li t ap montre yo a. ¹⁹Lè solèy kouche, li kite lavil la.

Lk
21,37

Pye fig frans lan vin chèch—

Lafwa ak lapriyè

Mt 21,20-22

²⁰Nan maten, lè y ap pase, yo wè pye fig frans lan chèch depi nan rasin. ²¹Pyè vin sonje, li di l: « Rabi, gade kouman pye fig frans ou te bay madichon an vin chèch! » ²²Jezi reponn, li di yo: « Se pou nou gen lafwa nan Bondye. ²³Anverite mwen di nou, si yon moun di mòn sa a: Wete kò w, al jete kò w nan lanmè, san li pa gen dout nan kè l, men li kwè sa l di a ap fèt, sa ap rive pou li. ²⁴Se poutèt sa mwen di nou, tou sa nou mande nan lapriyè, kwè n a jwenn li, epi sa ap rive pou nou. ²⁵Epi lè nou kanpe ap lapriyè, si nou gen kichòy ak yon moun, padonnen l pou Papa nou ki nan syèl la padonnen nou fèt nou yo tou. »

Mt 21,
20-22

9,19;
Lk 17,5

Iz 40,4;
1Kor
13,2

Jn
11,22

Mt 5,23;
6,15;
Ef 4,32;
Kol
3,13;
1Pyè
3,7

Kesyon sou otorite Jezi

Mt 21,23-27; Lk 20,1-8

²⁷Yo tounen Jerizalèm ankò. Pandan li t ap mache nan Tanp lan, chèf prèt yo, pwofesè Lalwa ak Ansyen yo al kote l, ²⁸yo di l: « Ki dwa w pou w fè sa? Oubyen, kilès ki ba ou dwa fè sa? » ²⁹Jezi di yo: « M ap mande nou yon sèl kesyon, reponn mwen, epi m a di nou ki dwa mwen pou m fè sa. ³⁰Batèm Jan an, li te sòti nan syèl, oubyen nan moun? Reponn mwen. » ³¹Yo diskite antre yo, yo di: « Si nou di: Nan syèl, l ap di nou: Men poukisa nou pa t kwè nan li? ³²Men si nou ta di: Nan moun? » Yo te pè foul la, paske tout moun te kwè Jan te yon pwofèt tout-bon vre. ³³Yo reponn Jezi, yo di: « Nou pa konnen. » Jezi di yo: « Ni mwen tou

Mt 21,
23-27;
Lk 20,
1-8

Mt 14,5

pou yo deklare Jezi se Lidè yo t ap tann nan. Men Jezi li menm pral montre an piblik kilès li ye: yon Sovè ki pral soufri. Se apre lanmò li, l ap jwenn laviktwa.

11,15: Te gen yon sèl Tanp pou Jwif yo, se kote Bondye rete a, Tanp Jerizalèm nan. Tanp

lan te sant relijyon an, men li te tounen tou sant ekonomik la. Jezi netwaye l pou li jwenn sans relijye li te genyen anvan an. Jezi chase sitou moun sa yo ki vann pijon yo, ki se ofrann pòv malere yo (Levitik 5,7-10; Lik 2,24). Sa montre nou si gen yon relijyon ki fèt pou maske enjistis la, li pa merite kontinye fè travay li.

mwen p ap di nou sa ki ban mwen dwa fè sa.»

Parabòl kiltivatè kriminel yo

Mt 21,33-46; Lk 20,9-19

Mt 21, 33-46; Lk 20, 9-19; Iz 5,1-2

12 ¹Li kòmanse pale ak yo anparabòl: «Yon nèg te plante yon jaden rezen. Li fèmen l ak yon kloti, li fouye yon basen pou yo kraze rezen yo, li monte yon ti kay byen wo pou moun k ap veve yo, li renmèt li nan men kèk kiltivatè pou travay li, epi li vwayaje. ²Lè lè a rive, li voye yon sèvitè kote kiltivatè yo pou al chèche pòsyon rezen pa l nan men yo. ³Men yo kenbe l, yo bat li byen bat, epi yo voye l ale ak de men l vid.

⁴Li tounen voye yon lòt sèvitè bò kote yo. Sila a, yo bat li nan tèt, epi yo manke l dega. ⁵Li voye yon lòt toujou. Sa a, yo touye l. Ak anpil lòt toujou: gen sa yo bat byen bat, gen sa yo touye. ⁶Li te rete yon moun toujou: se pitit li renmen an. Li voye l bò kote yo andènye, li di: 'Y a respekte pitit mwen an.' ⁷Men kiltivatè sa yo youn di lòt: 'Sa a se eritye a! An nou wè! An nou touye l, konsa eritaj la ap pou nou.' ⁸Yo pran l, yo touye l, lèfini, yo jete l deyò jaden rezen an. ⁹Sa mèt jaden rezen an pral fè? L ap vini, l ap touye kiltivatè yo, apre sa l ap pase jaden rezen an bay lòt moun. ¹⁰Nou pa li sa ki ekri a? *Wòch bòs mason yo te voye*

Mt 13,17

Sòm 118, 22-23; T Ap 4,11; 1Pyè 2,7

12,1: *Li kòmanse pale ak yo anparabòl... Parabòl sa a se yon ranmase tout listwa delivrans pèp Izrayèl la: Bondye chwazi pèp li a. Pèp la manke kwè nan pawòl Pwofèt yo. Bondye voye pwòp Pitit li, men yo rejte li ak fòs. Jwif yo se pèp Bondye a, e yo te rive mele enterè Bondye ak pwòp enterè pa yo. Ki fè Bondye pral konfyè travay Peyi kote Bondye Wa a bay lòt moun. Sa vle di bay tout moun ki reyini nan Legliz Kris la.*

12,13: *Yo voye kèk Farizyen ak kèk patizan Ewòd bò kote l, pou pran l nan pyèj... Jwif yo te dwe peye Seza, lanprè women an, taks. Farizyen yo se te lènmi politik patizan Ewòd yo, men yo met tèt yo ansanm pou yo touye Jezi. Yo prezante yo ansanm devan Jezi. Farizyen yo rejte okipasyon Women yo. Patizan Ewòd yo, okontrè, aksepte l. Si Jezi di fòk yo peye taks, Farizyen yo*

jete a, se li menm ki vin tounen wòch kwen. ¹¹Se nan Granmèt la sa sòti. A la mèvèy devan je nou!» ¹²Yo t ap chèche arete l, men yo te pè foul la. Yo te byen konprann se pou yo li te di parabòl la. Yo kite l, y ale.

Mt 22,15; Mk 12,13; Lk 20,20

Taks pou peye Seza

Mt 22,15-22; Lk 20,20-26

¹³Yo voye kèk Farizyen ak kèk patizan Ewòd bò kote l, pou pran l nan pyèj nan kèk pawòl. ¹⁴Yo vin di l: «Mèt nou konnen ou renmen laverite, ou pa okipe pèsoun moun. Reyèlman vre, ou pa gade sou figi moun, men se nan laverite ou montre chemen Bondye a. Èske yo mèt peye Seza taks, wi ou non? Fòk nou bay oubyen nou pa bezwen bay?» ¹⁵Men li te konnen yo se ipokrit, li di yo: «Poukisa n ap sonde mwen? Pote yon denye ban mwen wè.» ¹⁶Yo pote youn. Li di yo: «Se pòtre kilès sa a, epi non ki moun ki ekri?» Yo di l: «Seza.» ¹⁷Konsa Jezi di yo: «Bay Seza sa ki pou Seza, bay Bondye sa ki pou Bondye.» Li fè yo sezi nèt.

Mt 22, 15-22; Lk 20, 20-26

Wm 13,7

Kesyon mò ap leve byen vivan an

Mt 22,23-33; Lk 20,27-40

¹⁸Gen Sadiseyen ki vin bò kote l, sila yo ki di moun mouri pa leve. Yo mande l kesyon: «¹⁹Mèt, Moyiz te ekri pou nou: Si frè yon moun mouri e li kite madanm li san pitit, se pou frè l rete ak

Mt 22, 23-33; Lk 20, 27-40; T Ap 23,8

Dtw 25, 5-6

pral akize l devan pèp la. Si li di non, patizan Ewòd yo pral fè Women yo arete l. Men Jezi pa t tonbe nan pyèj sa a.

12,18: *Gen Sadiseyen ki vin bò kote l... Farizyen ak Sadiseyen se de pati enpòtan nan pèp Jwif la. Yo te andezakò. Sadiseyen yo, chèf prèt yo, te dirijan pèp Izrayèl. Yo pa t kwè nan bagay espirityèl ni nan leve byen vivan sòt nan lanmò. Dapre yo sa te febli lespri nasyonalis ak pouvwa aparèy Leta a. Yo te aksepte senk premye liv Premye Kontra sèlman, kote yo pale anpil sou prèt yo, men pa sou leve byen vivan sòt nan lanmò (Travay 23,6-8).*

12,19: *Si frè yon moun ta mouri san li pa kite pitit... Se te yon lwa, yo vin rele li «Lalwa Levira a.» (Mo sa a ki vle di bòfrè) Detewonòm 25,5-10; Rit 4; Jenèz 28.*

madanm lan pou l leve yon ras bay frè l. ²⁰Te gen sèt frè. Premye a marye, li mouri san li pa kite pitit. ²¹Dezyèm nan rete ak madanm lan, li mouri san l pa kite pitit. Twazyèm nan menm jan. ²²Tou lè sèt pa kite pitit. Madanm nan vin mouri andènye apre yo tout. ²³Nan leve byen vivan mò yo, lè y ap leve, pou kilès madanm nan ap ye? Paske tou lè sèt te genyen l kòm madanm. » ²⁴Jezi di yo: «Èske nou pa twonpe nou sou sa, paske nou pa konnen ni sa ki ekri, ni pouvwa Bondye? ²⁵Lè moun ap leve byen vivan sòti nan lanmò, ni gason p ap marye ak fi, ni fi p ap marye ak gason, men y ap tankou zanj nan syèl la. ²⁶Sou kesyon mò yo ap leve a, nou pa li nan liv Moyiz la sou afè touf raje a, kouman Bondye di l: *Mwen se Bondye Abraram, Bondye Izarak ak Bondye Jakòb?* ²⁷Li pa Bondye moun mouri, men moun vivan. Nou twonpe nou mal. »

Pi gran kòmandman an

Mt 22,34-40; Lk 10,25-28

²⁸Yon pwofesè Lalwa ki te tande y ap fè diskisyon, pwoche, e kòm li wè l te byen reponn yo, li mande l: «Kilès ki premye nan tout lòd yo?» ²⁹Jezi reponn «Premye a se: *Koute Izrayèl, Bondye Granmèt nou an se sèl Granmèt.* ³⁰*W a renmen Bondye Granmèt ou ak tout kè w, ak tout nanm ou, ak tout lespri w, ak tout fòs ou.* ³¹Dezyèm nan: *W a renmen pwochen w tankou tèt pa*

w. Pa gen lòt lòd ki pi siperyè pase sa yo.» ³²Pwofesè Lalwa a di l: «Se byen, Mèt. Ou gen rezon di se li menm sèl epi pa gen lòt pase l. ³³Epi renmen l ak tout kè w, ak tout lespri w, ak tout fòs ou, ak renmen pwochen w tankou tèt pa w, sa vo piplis pase tout bèt yo boule nèt, ak tou sa yo sakrifye.» ³⁴Jezi wè li byen reponn, li di l: «Ou pa lwen Peyi kote Bondye Wa a.» Pèsonn pa t pèmèt mande l kesyon ankò.

Pitit David la

Mt 22,41-46; Lk 20,41-44

³⁵Jezi te kontinye ap pale, li t ap montre anpil bagay nan Tanp lan. Li di: «Kijan pwofesè Lalwa yo kapab di Kris la se pitit David? ³⁶David li menm di pa pouvwa Lespri Sen an: Granmèt la di Granmèt mwen: *'Chita adwat mwen jistan mwen mete lènmi w yo anba pye w.'* ³⁷David li menm rele l Granmèt, kouman pou li fè pitit li?» Foul la, ki te anpil, te pran plezi koute l.

Atansyon ak pwofesè Lalwa yo.

Mt 23,6-7; Lk 20,45-47; 11,43

³⁸Li di toujou nan sa li t ap montre yo a: «Atansyon ak pwofesè Lalwa yo ki renmen mache ak rad long, pou moun salye yo nan mache, ³⁹ki renmen premye plas nan sinagòg, ak premye plas nan resepsyon. ⁴⁰Yo fin piye kay vèw yo, epi yo fè sanblan ap lapriyè long. Y ap jwenn yon jijman ki rèd nèt.»

12,24: ...nou pa konnen ni sa ki ekri, ni pouvwa Bondye. Se kèk kote sèlman nan Ansyen Kontra a yo pale sou leve byen vivan an. Men tout Labib la prezante nou Bondye Lavi ki zanmi moun. *Mwen se Bondye Abraram, Izarak ak Jakòb.* Bondye te pran angajman ak yo. Moun yo pa disparèt nèt, menm si yo gen tan mouri, paske Bondye ki fidèl la p ap kite moun li te renmen yo anba pouvwa lanmò.

12,28: *Yon pwofesè Lalwa pwoche...* Twazyèm pyèj. Kesyon sou kòmandman yo. Dapre kèk Farizyen, te gen 613 kòmandman yon Jwif te dwe swiv pou li fè volonte Bondye toutbon vre. Poutèt sa te gen moun ki ta vle konnen ki kòmandman ki pi enpòtan.

Jezi reponn li: «W a renmen Granmèt Bondye w la» (Detewonòm 6,4). Jezi reponn li ak yon pawòl ki nan lapriyè Jwif yo konn di chak jou: «Shema Izrayèl» (Koute, Izrayèl).

12,38: *Atansyon ak pwofesè Lalwa yo...* Pwofesè Lalwa pa t move moun. Yo te fè yo pwofesè relijyon, paske relijyon te entèrese yo. Men yo sèvi ak konesans Lalwa a pou yo mete moun anba pye yo. Konsa yo ipokrit.

12,41: *Jezi chita anfas kès la...* Nan lakou, pou medam ki nan Tanp lan, te gen 13 kòf, oswa kès, kote moun te lage ofrann yo. Chèf yo te mete kòf sa yo nan lakou kote tout moun kapab rive, konsa yo te asire tout moun bay ofrann yo, sitou medam yo, ki pa t kapab antre nan kèk pati nan Tanp lan.

Egz 3,6

Mt 22, 34-40; Lk 10, 25-28

Dtw 6, 4-5

Lev 19,18

Dtw 4,35; lz 45,21

1Sam 15,22; Oze 6,6; Am 5,21

Mt 22, 41-46; Lk 20, 41-44

Sòm 110,1

Lk 19,48; 21,38

Mt 23, 1-3;

Lk 20, 45-46; Mt 9,27; 20,26;

Mk 10,43;

Lk 11,39; Mt 23,6; Lk 11,43

Ofrann vèv la

Lk 21,1-4

Lk 21, 1-4; 2Wa 12,10; Jn 8,20
 41 Antan li te chita anfas kès lajan an, li t ap gade kijan foul la t ap lage lajan ladan l. Te gen anpil moun rich ki t ap lage anpil. 42 Vin rive yon pòv malerèz vèv ki lage de ti monnen, valè yon kadran konsa. 43 Li rele patizan l yo, li di yo: « Anverite mwen di nou, pòv malerèz vèv sa a lage pipilis pase tout moun k ap lage nan kès la. 44 Reyèlman vre, tout moun yo lage nan sa yo gen ki anplis, li menm, lan mizè li a, li lage tou sa li genyen, tout ti lavi l. »

Prèch sou dènye tan yo

Mt 24,1-3; Lk 21,5-7

Mt 24, 1-14; Lk 21, 5-19
13 1 Antan li t ap sòti nan Tanp lan, youn nan patizan l yo di l: « Mèt, gade, ala bèl kalite wòch, ak bèl kalite batisman! » 2 Men Jezi reponn li: « Ou wè gwo batisman sa yo? P ap rete yon wòch sou yon lòt ki p ap detwi. » 3 Antan li te chita nan mòn Pye Oliv la anfas Tanp lan, Pyè, Jak, Jan ak Andre mande l apa: 4 « Di nou non, kilè bagay sa yo pral rive, epi ki siy ki va di nou lè tout bagay sa yo prèt pou yo bout? »

Kòmansman tray yo

Mt 24,4-14 ; Lk 21,8-19

Lk 17,23; Ap 2,20; 12,9; 1Jn 1,8
 5 Jezi pran pale yo: « Atansyon, pou pèsonn pa twonpe nou! 6 Gen anpil moun k ap vini sou non mwen, y ap di: Se mwen menm! Yo pral twonpe anpil moun. 7 Lè n a tandè pale sou lagè ak bri lagè, pinga nou boulvèse. Fòk sa

rive, men se poko finisman an. 8 Re- Iz 13,8; Oze 13,13
 yèlman vre, pèp etranje pral leve batay ak pèp etranje, peyi wa ak peyi wa. Pral gen tranblemanntè divès kote. Pral gen gwo grangou. Tou sa se va kòmansman tranche yo. 9 Nou menm menm, atansyon: y ap trennen nou nan tribinal, y ap bat nou nan sinagòg yo. Nou pral kanpe devan gouvènè ak wa poutèt mwen, pou nou sèvi temwen devan yo. 10 Men anvan sa, fòk yo anonse Bòn Nouvèl la nan tout pèp etranje yo. 11 Lè y ap mennen nou pou yo bay nou, pinga nou kalkile davans sa nou pral di, men sa yo va ban nou lè sa a, se sa pou nou di: reyèlman vre, se pa nou menm k ap pale, men se Lespri Sen an. 12 Frè pral bay frè pou fè touye l, papa pral bay pitit, pitit pral leve kont paran, yo pral touye yo. 13 Tout moun pral rayi nou poutèt non mwen. Moun ki va kenbe fèm jis nan bout, se li k a sove. Mt 10, 17-22; Lk 12,7; T Ap 26,11

Tribilasyon Jerizalèm

Mt 24,15-28; Lk 21,20-24

Mt 26,13; Wm 11,25; T Ap 4,8; 5,32; 7,55
 14 Lè n a wè bagay degoutan ki pou fè moun kouri a, layite kò l kote li pa ta dwe ye—se pou moun k ap li a konprann moun ki nan Jide se pou yo chape kò yo al nan mòn. 15 Pinga yon moun ki sou do kay desann, ni li pa dwe antre al chèche yon bagay nan kay li. 16 Pinga moun ki nan jaden, tounen dèyè al chèche rad li. 17 Malè pou moun ki ansent ak moun ki nouris jou sa yo. 18 Lapriyè pou sa pa rive lè sezon Mi 7,6

... de ti monnen, valè yon kadran konsa. Yon kadran sete yon ti monnen women yo te fè l an bwonz ki pa t menm gen valè. Yo te bezwen 4 kadran pou yo fè yon las epi yo te bezwen 2 las pou yo achte yon ti zwazo (Matye 10,29).

13,1: Mèt, gade, ala bèl kalite wòch... Tanp lan se te fyète Jwif yo. Men fyète Izrayèl la pa nan yon batisman, li nan swiv Pawòl Bondye. Men apot yo pa ko konprann sa.

13,3: Jezi chita anfas Tanp lan... Jezi pa nan Tanp lan ankò. Li kontinye pran pozisyon kont sistèm sa a k ap fè moun enjistis.

13,7: Lè n ap tandè pale sou lagè... Lè Mak

ekri Levanjil pa li a, Jwif ak Women yo te nan gwo chire pit.

13,9: Y ap trennen nou nan tribinal... Petèt lè Mak ap ekri fraz sa a, kretyen yo t ap sibi pèsesyon nan lanpi Women an.

13,14: Lè n a wè bagay degoutan... Se lame Women an ki pral anvayi peyi a. Karant lane apre Jezi, Jwif yo te leve kont Women yo. Lame Women an vin ranfòse apre yo te manke pèdi batay nan lane 66. Drapo Women yo ki gen senbòl zidòl sou yo, antoure Jerizalèm, yo antre nan Tanp lan, yo boule li nèt nan lane 70. Mo a gen sans yon sityasyon terib, tankou sa nou jwenn nan Danyèl, 9. Jn 15,18; 1Pyè 4,14

Dan 12,1 gwo fredì. ¹⁹Jou sa yo se va jou tribilasyon, yon tribilasyon yo pa t janm wè konsa depi nan kòmansman lè Bondye te fè tout bagay, jouk rive jodi a, ni p ap janm gen konsa ankò. ²⁰Si Granmèt la pa wete nan jou sa yo, pyès moun pa t ap sove. Men akòz sila li chwazi yo, li wete nan jou sa yo. ²¹Si yon moun ta vin di nou: Men Kris la bò isit! Men li bò lòt bò! pinga nou kwè l. ²²Reyèlman vre, gen fo kris ak fo pwofèt ki pral sòti, yo pral fè mirak ak mèvyè pou yo twonpe, si sa ta posib, ata sila yo chwazi yo. ²³Nou menm, fè atansyon. Mwen avèti nou tout bagay davans.

Dtw 13,2;
2Tes 2,9;
Ap 13,13

Pitit moun an ap parèt ak tout glwa l

Mt 24,29-31; Lk 21,25-27

Mt 24 29-31;
Lk 21 25-27
Iz 13,10;
Ezk 32,7;
Ap 6,12

Dan 7, 13-14

²⁴Men, nan jou sa yo, apre tribilasyon sa a, solèy la ap vin tou nwa, lalin nan p ap klere, ²⁵zetwal yo pral tonbe sòti nan syèl la, pouvwa yo ki nan syèl la pral tranble. ²⁶Lè sa a, n a wè Pitit moun nan k ap vini nan nyaj yo, ak anpil pouvwa, ak glwa. ²⁷Se lè sa a l ap voye zanj li yo rasanble sila li chwazi yo, sòti nan kat kwen, depi dènye bout tè a jis rive nan dènye bout syèl la.

Parabòl pye fig frans lan

Mt 24,32-36; Lk 21,29-33

Mt 5,17;
Lk 16,17

1Tes 5,1;
TAp 1,7

²⁸Aprann parabòl la nan pye fig frans lan: Kou ti branch li yo kòmanse vin mou, epi li kòmanse pouse fèy, nou konnen sezon chalè pre rive. ²⁹Menm jan tou, nou menm, lè nou wè bagay sa yo rive, se pou nou konnen li tou pre, li nan papòt la. ³⁰Anverite mwen di nou, jenerasyon sa a p ap pase anvan tout bagay sa yo rive. ³¹Syèl la ak tè a ap disparèt, men pawòl mwen yo p ap disparèt. ³²Sou zafè jou sa a ak lè a menm, pèsonn pa konnen, ni zanj ki nan syèl la, ni Pitit la, sòf Papa a.

Veye pou yo pa pran nou sibit

Mt 24,42; 25,13-15; Lk 19,12-13; 12,38

Mt 24,42;
25,13-15;
Lk 19,12-13;
Mt 24,37-41;
Lk 12,38.40

³³Atansyon, rete je klè, reyèlman vre, nou pa konnen ki lè k ap tan sa a. ³⁴Tankou yon moun ki t ap pati nan vwayaj, li kite kay li, li bay sèvitè l yo reskonsablite a, chak moun travay pa l, epi li pase gadyen an lòd pou l veye. ³⁵Se pou nou veye. Reyèlman vre, nou pa konnen ki lè mèt kay la ap vini, èske se aswè, oswa a minwi, oswa lè kòk chante, oswa granm maten. ³⁶Pou li pa rive sanzatan e pou li jwenn nou ap dòmi. ³⁷Sa mwen di nou an, mwen di l pou tout moun: Se pou nou veye.»

Mt 25,31

Mt 25,14;
Lk 12,35

Konplo kont Jezi

Mt 26,2-5; Lk 22,1-2

Mt 26,1-5;
Lk 22,1-2;
Jn 11,47-53;
Dtw 16,1;
12,1-14

14 ¹Fèt pak la ak pen san ledvèn yo ta pral rive nan de jou. Chèf prèt ak pwofesè Lalwa yo t ap chèche ak ki riz pou yo pran Jezi, pou yo touye l. ²Konsa yo t ap di: «Se pa nan fèt la non, pou pa gen dezòd nan pèp la.»

Mt 26,6-13;
Jn 12,1-8;
Lk 7,36-50

Losyon Betani an

Mt 26,6-13; Jn 12,1-8

³Antan Jezi te Betani lakay Simon ki gen lalèp la, antan li te atab, yon madanm rive. Li te gen yon boutèy albat plen losyon ki fèt ak bon kalite plant santi bon, ki koute chè. Li kase boutèy la, li vide l sou tèt li. ⁴Gen kèk moun ki te move, youn t ap di lòt: «Poukisa gaspiyay losyon sa a? ⁵Losyon sa a ta kapab vann pou plis pase twasan denye, pou bay pòv yo.» Yo te fè gwo kout san sou madanm lan. ⁶Men Jezi di: «Kite l. Sa k fè n ap nwi l konsa? Se yon bon zèv li fè pou mwen. ⁷N ap toujou gen pòv ak nou, epi lè nou vle nou kapab fè byen pou yo, men mwen menm nou p ap genyen mwen toutan. ⁸Li fè sa l kapab. Li pase losyon sou kò mwen davans pou antè-

Dtw 15,11

13,22: Gen fo Kris ak fo pwofèt ki pral sòti... Lè sa a pa t manke lidè oswa moun ki te bay tèt yo misyon sove pèp Bondye a, epi ki te trennen anpil patizan dèyè yo.

14,1: Fèt Pak la ak pen san ledvèn yo ta pral rive nan de jou... Fèt Pak la fè nou sonje se anivèsè delivrans Jwif yo ki sòti nan Lejip.

13,10 man an. ⁹Anverite mwen di nou, nen-pòt kote y a preche Bòn Nouvèl la sou tout tè a, y a rakonte sa li fè a, pou yo sonje l. »

Trayizon Jida

Mt 26, 14-16; Lk 22, 3-6; Jn 6, 64...7; 12,4; 13,11

¹⁰Jida Iskaryòt, youn nan Douz yo, al kote chéf prèt yo pou l renmèt li ba yo. ¹¹Lè yo tandè sa, yo kontan. Yo pwomèt li y ap ba li lajan. Epi li t ap chèche yon bon okazyon pou l fè yo pran l.

Preparasyon manje fèt Pak la

Mt 26,17-19; Lk 22,7-13

Mt 26, 17-19; Lk 22, 7-13; Jn 13 1Sam 10,2-5

¹²Premye jou pen san ledvèn yo, lè yo te sakrifye bèt pou manje pak la, patizan l yo di l: «Kote w vle n al pare pou w manje pak la?» ¹³Li voye de nan patizan l yo, li di yo: «Al lavil la, yon nèg k ap pote yon krich dlo ap vin ran-kontre nou, swiv li. ¹⁴Kote l ap antre a, nou va di mèt kay la konsa: 'Mèt la voye di w: Kote sal mwen an pou mwen manje pak la ak patizan mwen yo?' ¹⁵E li menm li va montre nou yon gran sal anwo, tou pare ak kousen. Se la nou va pare pou nou.» ¹⁶Patizan yo pati. Y ale lavil la, yo jwenn sa jan li te di yo a, epi yo pare pak la.

Yo anonse Jida pral trayi

Mt 26,20-25; Lk 22,14,21-23; Jn 13,21-30

Mt 26, 20-25; Lk 22,14; 22,21-23

¹⁷Lè aswè rive, li vini ansanm ak Douz yo. ¹⁸Lè yo te bò tab la ap manje, Jezi di: «Anverite mwen di nou, gen youn nan nou k ap bay mwen, youn k ap manje ak mwen.» ¹⁹Yo kòmanse vin tris. Yo di youn apre lòt: «Èske se mwen?» ²⁰Li menm li di yo: «Se youn nan Douz yo, sila ki plonje men l ansanm ak mwen nan plat la. ²¹Wi, Pitit moun nan menm prale, jan sa ekri sou li a, men malè pou moun sa a k ap fè pran Pitit moun nan. Li ta pi bon pou moun sa a si l pa t fèt.»

Sòm 41,10

Jezi mete Lekaristi

Mt 26,26-29; Lk 22,15-20; 1Kor 11,23-25

²²Antan yo t ap manje, li pran yon pen, li beni l, li kase l, epi li ba yo l, li di: «Pran, sa se kò mwen.» ²³Aprè sa, li pran yon vè, li di mès, li ba yo l, yo bwè ladan yo tout. ²⁴Epi li di yo: «Sa se san mwen, san kontra a, ki pral koule pou anpil moun. ²⁵Anverite mwen di nou, mwen p ap bwè nan donn pye rezen an ankò, jis jou sa a lè mwen va bwè li fèk fèt nan Peyi kote Bondye Wa a.»

Mt 26, 26-29; Lk 22, 15-20; 1Kor11, 23-25

24,8; Eb9,20; lz 53,12 lz 25,6; Lk14,15

Jezi anonse Pyè pral nye li

Mt 26,30-35; Lk 22,31-34; Jn 13,36-38

²⁶Lè yo fin chante kantik, yo sòti al nan mòn Pye Oliv la, ²⁷epi Jezi di yo: «Nou tout nou pral bite, paske li ekri: 'Mwen va frape gadò a, epi bann mouton yo pral gaye'. ²⁸Men lè mwen va fin leve byen vivan, mwen va pran devan nou nan Galile.» ²⁹Pyè menm di l: «Menm si tout moun ap bite, men se p ap mwen menm.» ³⁰Jezi di l: «Anverite mwen di w, jodi a, nan nwit sa a menm, anvan kòk chante de fwa, ou pral nye mwen twa fwa.» ³¹Li di ak piplis fòs: «Menm si mwen ta dwe mouri ak ou, mwen p ap janm nye w.» Lòt yo t ap di menm bagay tou.

Mt 26, 30-35; Lk22,39; 22,31-34;

Sòm 115; 118

Zak 13,7

1,14; 16,7

Jetsemani

Mt 26,36-46; Lk 22,40-46

³²Yo rive sou yon bitasyon yo rele Jetsemani. Li di patizan l yo: «Chita isit la antan mwen pral lapriyè» ³³Li pran Pyè, Jak ak Jan avè l. Li kòmanse santi kè sote ak degoutans. ³⁴Li di yo: «Nanm mwen chagren pou mwen ta mouri. Rete isit la. Veye.» ³⁵L ale ti kras pi lwen. Li tonbe atè. Li lapriyè pou lè sa a ta pase lwen l, si sa ta posib. ³⁶Li t ap di: «Abba, Papa o, tout bagay posib pou ou. Voye vè sa a lwen mwen. Men se pa sa mwen vle mwen menm, se sa w vle, ou menm.» ³⁷Li

Mt 26, 36-46; Lk 22, 40-45

5,37; 9,2; 13,3; Jn12,27

Gal4,6; Mt6,10; Jn5,30; 6,38

14,36: Li t ap di Abba... Abba se pawòl arameyen pitit yo te konn di lè yo rele papa yo ak anpil afeksyon. Nan bouch Jezi pawòl sa a montre nou ki kalite renmen ki genyen ant Jezi ak Papa a.

vini, li jwenn y ap dòmi. Li di Pyè: «Simon, w ap dòmi? Ou pa kapab veye inèdtan? ³⁸Veye, lapriyè pou nou pa pran nan pyèj. Lespri a vivan, men kò a fèb.» ³⁹Li tounen al lapriyè ankò. Li t ap di menm pawòl la. ⁴⁰Li retounen, li jwenn y ap dòmi. Vreman je yo te lou. Yo pa t konnen kisa pou yo te reponn li. ⁴¹Li vini yon twazyèm fwa, li di yo: «N ap dòmi toujou? N ap poze toujou? Sa ase. Kounye a lè a rive. Men yo pral lage Pitit moun nan nan men pechè yo. ⁴²Leve, an n ale. Men sila ki pral bay mwen an toupre.»

Y arete Jezi

Mt 26,47-56; Lk 22,47-53; Jn 18,2-11

Mt 26,
47-56;
Lk 22,
47-53;
Jn 18,
2-11

⁴³Touswit apre, antan li t ap pale toujou, Jida, youn nan Douz yo vin parèt. Chèf prèt yo, pwofesè Lalwa ak Ansyen yo, te voye avè l yon bann moun ak manchèt, ak baton. ⁴⁴Sila a ki ta pral fè pran li an te ba yo yon siyal: «Sila m ap bo a, se li, kenbe l, mennen l ale ak prekosyon.» ⁴⁵Kou li rive, li mache touswit sou li, li di: «Rabi», epi li bo l. ⁴⁶Yo mete men sou li, yo arete l. ⁴⁷Youn nan sa ki te la yo, rale manchèt li, epi li frape sèvitè Prèt anchèf la, li koupe bout zòrèy li. ⁴⁸Jezi pran lapawòl, li di yo: «Nou sòti ak manchèt, ak baton, pou nou arete mwen, kòm si mwen te yon asasen. ⁴⁹Chak jou mwen te ak nou nan Tanp lan, mwen t ap montre anpil bagay, epi nou pa t arete m. Men, se pou sa ki ekri yo kapab

Lk 19,47

rive.» ⁵⁰Yo tout kite l, yo pran kouri. ⁵¹Te gen yon jennonm ki t ap swiv li, vlope nan yon dra sèlman sou kò l. Yo kenbe l. ⁵²Li lage dra a, li sove toutouni.

Zak
13,7;
Jn 16,32

Jezi devan Sanedren an

Mt 26,57-68; Lk 22,54.63-71;

Jn 18,13-14.19-24

⁵³Yo mennen Jezi bay Prèt anchèf la. Tout chèf prèt yo, Ansyen ak pwofesè Lalwa yo te rasanble. ⁵⁴Pyè te rete lwen ap swiv li jis anndan lakou Prèt anchèf la. Li te chita ak sèvitè yo, li t ap chofo kò l bò dife a. ⁵⁵Chèf prèt yo ak tout Sanedren an t ap chèche pawòl temwen kont Jezi pou yo touye l, men yo pa t jwenn. ⁵⁶Reyèlman vre, anpil moun te vin bay manti sou li, men deklarasyon yo pa t tonbe dakò. ⁵⁷Gen kèk moun ki leve pou bay manti sou li, yo di: ⁵⁸«Nou te tandè li di: ‘M ap kraze Tanp sa a, moun fè ak men yo a, epi nan twa jou m ap bati yon lòt ki pa fèt ak men moun.» ⁵⁹Menm sou sa akizasyon yo pa t sòti dakò. ⁶⁰Prèt anchèf la leve kanpe nan mitan, li mande Jezi yon kesyon, li di: «Ou pa reponn anyen? Sa moun sa yo ap deklare sou ou konsa?» ⁶¹Men li menm li pe bouch li, li pa reponn anyen. Yon lòt fwa ankò, Prèt anchèf la mande l kesyon, li di l: «Ou se Kris la, pitit sila a ki beni an?» ⁶²Jezi menm di: «Se sa mwen ye. N ap wè Pitit moun nan, ki chita adwat Pouvwa a, ap vini nan nyaj syèl yo.» ⁶³Prèt anchèf la atò chire rad li, li di: «Sa nou bezwen gen

Mt 26,
57-68;
Lk 22,
54;
22,63-
71;
Jn 18,
19-24

13,2;
Jn 2,19;
T Ap
6,14

lz 50,6

13,26;
Sòm
110,1;
Dan
7,13;
1Tes
4,17

14,43 : *Jida youn nan Douz yo, vin parèt... Lè Jida te kòmanse swiv Jezi, menm jan ak lòt apot yo, li te espere yon liberatè politik ak nasyonalis ki ta pral mete Women yo deyò nan peyi a. Se mòd Sovè sa a pi fò moun t ap tann nan Izrayèl. Lè yo vin konnen Jezi pa nan kalite pwojè sa a, Jida, menm jan ak anpil lòt patizan Jezi, te pran gwo desepsyon.*

14,53 : *Yo mennen Jezi bay Prèt anchèf la. Jezi parèt de fwa nan tribinal. Premyè fwa a devan Sanedren an (Gwo Konsèy Jwif yo) kote yo akize l li joure Bondye. Apre sa li te konparèt devan gouvènè women an, Pilat, fwa sa a yo deklare li se ajitatè politik, revolisyonè.*

Rezon de pwosè sa yo se paske Women yo

pa t bay Jwif yo dwa kondane moun amò. Poutèt sa, apre yo te fin jije Jezi dapre Lalwa Moyiz la, yo mande Pilat pou li touye l. Pou yo kapab rive la, yo vin ak lòt akizasyon devan Pilat.

14,60 : *Prèt anchèf la leve kanpe... Jwif yo pa reyisi kondane Jezi pou li ta dezobeyi Lalwa. Se konsa yo blije jwenn yon bagay ki pi enpòtan. Konsa yo te mande l: Èske w se Pitit Bondye? «Pitit Bondye» se te youn nan tit Kris oswa Sovè a.*

Prèt yo swiv repons li an byen paske si li di se Kris li ye sèlman, se pa t ap yon jouman pou Bondye. Yo pa t ap kapab kondane l, men Jezi mete l nan plas Bondye.

temwen ankò. ⁶⁴Nou sòt tande jouman an. Kijan nou wè sa?» Yo tout yo deklare li merite lanmò. ⁶⁵Epi kèk pran krache sou li. Yo kouvri figi l, yo ba l kou, yo di l: «Fè yon kout pwofèt.» Sèvitè yo pran l ak souflèt.

Pyè nye Jezi

Mt 26, 69-75; Lk 22, 55-62; Jn 18, 15-18; 18,25-27

Mt 26,69-75; Lk 22,55-62; Jn 18,15-18.25-27

⁶⁶Antan Pyè te anba nan lakou a, youn nan sèvant Prèt anchèf la rive, ⁶⁷lè li wè Pyè k ap chofo kò l, li gade l byen gade, li di l: «Men, ou menm tou, ou te ak Jezi, nèg Nazarèt la.» ⁶⁸Men li menm li nye, li di: «Mwen pa ni konnen, ni konprann sa w ap di la a». Li sòti deyo nan lakou a, e yon kòk mete chante. ⁶⁹Sèvant lan wè l, li rekòmanse di moun ki te la yo: «Nèg sa se youn nan yo.» ⁷⁰Yon lòt fwa ankò, li nye. Yon ti moman apre, moun ki te la yo di Pyè: «Se vre, ou se youn nan yo. Reyèlman vre, ou se moun Galile.» ⁷¹Men li kòmanse madichonnen tèt li, epi li pran sèman-te: «Mwen pa konnen nèg sa n ap pale a.» ⁷²Menm lè a, kòk la chante yon dezyèm fwa. Pyè vin sonje pawòl Jezi te di li a: «Anvan kòk chante de fwa, w ap nye mwen twa fwa.» Li pete kriye.

Jezi devan Pilat

Mt 27, 1-2; 27,11-26; Lk 22,66; 23,1-5; 23,13-25; Jn 18, 28-40; 19,4-16

Mt 27,1-2.11-26; Lk 23,1-5.13-25; Jn 18,28-19,16

15 ¹Touswit, granm maten, chèf prèt yo, Ansyen ak pwofesè Lalwa yo, ak tout Sanedren an, fè yon reyinyon. Yo mare Jezi, lèfini yo mennen l ale pou yo renmèt li bay Pilat. ²Pilat mande l kesyon: «Ou se wa Jwif yo?» Li menm li reponn, li di l: «Se ou ki di l.» ³Chèf prèt yo t ap akize l fè anpil bagay. ⁴Pilat tounen mande l: «Ou pa

reponn anyen? Gade tou sa yo akize w.» ⁵Men Jezi pa reponn anyen toujou. ⁶Sa fè Pilat sezi. ⁷Pou chak fèt, li te konn lage yon prizonye, sa yo mande a. ⁸Te gen yon nèg yo te rele Barabas. Li te anba kòd ak bann revolisyonè ki te touye yon moun nan rebelyon yo t ap fè a. ⁹Foul la monte, li kòmanse mande pou l fè jan li te konn fè pou yo a. ¹⁰Pilat reponn yo, li di: «Èske nou vle mwen lage wa Jwif yo ban nou?» ¹¹Li te byen konnen se jalouzi ki te fè chèf prèt yo te pran li. ¹²Chèf prèt yo monte tèt foul la pou se Barabas li lage ba yo pito. ¹³Pilat tounen reponn yo, li di: «Sa pou mwen fè atò ak sila nou rele wa Jwif yo?» ¹⁴Yo tounen pran rele: «Kloure l sou kwa.» ¹⁵Pilat di yo: «Men sa li fè ki mal?» Men yo t ap rele pi fò: «Kloure l sou kwa.» ¹⁶Pilat ki te vle fè foul la plezi, lage Barabas ba yo. Apre li fin fè bat li, li renmèt Jezi pou yo kloure l sou kwa.

14,61

T Ap 3,14; 13,28

Kouwòn pikan an

Mt 27,27-31; Jn 19,1-3

¹⁷Sòlda yo mennen l anndan palè a, sa ki tribinal la, epi yo rasanble tout kolonn jandam yo. ¹⁸Yo abiye l ak yon rad wouj. Yo trese yon kouwòn pikan, yo mete l sou tèt li. ¹⁹Yo kòmanse ap salye l: «Bonjou wa Jwif yo.» ²⁰Yo ba li kou nan tèt ak yon wozo, yo krache sou li. Yo mete ajenou devan l pou yo salye l byen ba. ²¹Lè yo fin pase l nan betiz, yo wete rad wouj la sou li, yo abiye l ak rad pa l. Yo mennen l deyò pou y al kloure l sou kwa a.

Mt 27, 27-31; Jn 19, 1-3

Jezi ap pote kwa a

Mt 27,32-33; Lk 23,26; Jn 19,17

²²Yo fòse Simon, moun Sirèn, pote

Mt 27, 32-33; Lk 23,26; Jn 19,17

14,68: *Mwen pa ni konnen...* Pyè te sensè lè li te deklare: «Menm si tout moun ap bite, men se p ap mwen menm» (14,29). Yo te santi yo pare pou mouri ak li nan batay yo t ap mennen ansanm nan, men batay la pa t fèt. Jezi te fè yo sezi lè li pa t sèvi ak fòs pou li defann tèt li, ni fè rezistans devan lènmi l yo. Lè yo tout kouri nan jaden an, se yon reyaksyon nou kapab konprann.

15,1: *Yo renmèt li bay Pilat...* Pons Pilat te gouvènèn Jide nan lane 26-36. Li te reprezante pouvwa Seza a nan Jide.

15,7: Pou chèf yo, Barabas te yon revolisyonè sèten, men Jezi, menmsi li pa t mande moun pran zam, sa li t ap preche a te gen plis danje ladan pase revolisyon Barabas la.

kwa a antan li t ap pase sòti lan jaden. Se te papa Aleksann ak Rifis. ²²Yo mennen Jezi nan Gòlgota, sa vle di yon kote kòm yon zo tèt. ²³Yo ba li diven ki mele ak lami, li menm li pa pran l. ²⁴Lèfini yo kloure l sou kwa a. Yo separe rad li yo, yo tire yo osò pou yo wè kisa pou chak moun pran. ²⁵Li te nevè nan maten lè yo kloure l sou kwa a. ²⁶Te gen yon afich ki te bay kòz ki fè yo kondane li a. Yo te ekri: « Wa Jwif yo. » ²⁷Yo te kloure de asasen ak li sou kwa, youn adwat li, lòt la agòch li.

Mt 27, 33-34;
Lk 23, 33-34;
Jn 19, 18-24

Pwv 31,6

Sòm 22,19

Yo pase Jezi nan rizib.
Yo vekse Jezi sou kwa a
Mt 27,39-44; Lk 23,35-37

²⁹Moun ki t ap pase yo, t ap manke l dega. Yo t ap souke tèt yo, antan yo t ap di: « Ey! Ou menm ki kapab kraze Tanp lan pou ou rebati l nan twa jou, ³⁰sove tèt ou non, desann sòti sou kwa a. » ³¹Menm jan tou chèf prèt yo t ap pase l nan rizib youn ak lòt, ansanm ak pwofesè Lalwa yo, antan yo t ap di: « Li sove lòt moun, li pa kapab sove tèt li. ³²Se pou Kris la, wa Izrayèl la, desann kounye a sòti sou kwa a pou nou wè, epi nou va kwè. » Sila yo ki te kloure sou kwa ak li yo, t ap joure l tou.

Mt 27, 39-44;
Lk 23, 35-37;
Mk 14,58;
Sòm 22,8-9;
Jb 16,4

Jezi mouri
Mt 27,45-54; Lk 23,44-47; Jn 19,28-30

³³Lè midi rive, li vin fènwa sou tout tè a jis twazè apremidi. ³⁴A twazè Jezi pouse yon gwo rèl: « Eloyi, Eloyi, lama sabaktani », sa ki vle di: « Bondye mwen, Bondye mwen, poukisa ou lage mwen? » ³⁵Kèk pami sa ki te la ap koute yo di konsa: « Men l ap rele Eli! »

Mt 27, 45-54;
Lk 23, 44-47;
Jn 19, 28-30;
Am 8,9
Sòm 22,2

³⁶Gen youn ki kouri al tranpe yon eponj nan vinèg, li mete l nan yon wo-zo, li ba l bwè antan li t ap di: « Kite nou wè si Eli ap vin desann li. » ³⁷Jezi li menm, pouse yon gwo rèl, li rann souf li. ³⁸Rido Tanp lan chire fè de moso, depi anwo jis anba. ³⁹Lè santiryon ki te kanpe anfas li a, wè se konsa li mouri, li di: « Nèg sa te Pitit Bondye, sèten! »

Lk 23,46

Eb 6,19;
9,3

Mt 27, 55-56;
Lk

23,49;
Jn

19,25;
Mk 6,3;

16,1;
Lk 8,1-3

Medam yo sou Kalvè a
Mt 27,55-56; Lk 23,49; Jn 19,25

⁴⁰Te gen kèk medam tou, ki te rete lwen, ap gade. Pami yo te gen Mari, moun Magdala a, ak Mari manman Ti Jak ak Joze, epi Salome. ⁴¹Se yo menm, lè li te nan Galile ki te konn swiv li, epi ki te konn okipe l. Te gen anpil lòt medam toujou ki te monte Jerizalèm ansanm avè l.

Yo antere Jezi
Mt 27,57-61; Lk 23,50-55; Jn 19,38-42

⁴²Lè aswè rive, kòm se te jou preparasyon an, sa vle di lavèy jou saba a, ⁴³Jozèf, moun Arimati a, ki te yon moun enfliyan nan Konsèy la, epi ki t ap tann Peyi kote Bondye Wa a, ale ak tout kouraj li bò kote Pilat, li mande l kò Jezi. ⁴⁴Pilat te sezi tande li te mouri deja. Li rele santiryon an, li mande l si li te gen tan mouri. ⁴⁵Lè li fin pran enfòmasyon nan men santiryon an, li bay Jozèf kò a. ⁴⁶Li achte yon dra, li desann li, li vlope l nan dra a, li mete l nan yon kavò yo te fouye nan wòch. Lè fini, li woule yon wòch nan bouch kavò a. Mari, moun Magdala a, ak Mari, manman Joze, t ap gade kote yo mete l.

Mt 27, 57-61;

Lk 23, 50-55;

Jn 19, 38-42

Dtw 21, 22-2

15,24 : Yo kloure l sou kwa a... Kwa a se pini-syon yo te bay esklav ak rebèl yo. Soufri sou kwa se gwo soufrans terib.

15,39 : Reyelman vre Nèg sa a se te Pitit Bondye... Yon santiryon se te yon kaptenn women ki te gen san sòlda anba lòd li. Nou gen dwa di santiryon an, yon etranje, reprezante tout pèp etranje ki pral rekonèt Jezi kòm Pitit Bondye toutbon vre. Se nan lanmò l, nou konnen Jezi se Sovè ki bay pwòp lavi l. Fraz sa a

koressonn ak premye vèsè Levanjil Mak la kote li deklare Jezi, Kris la, Pitit Bondye.

15,40 : Te gen kèk medam tou ki te rete lwen ap gade Se premye fwa Mak nonnen medianm ki te swiv Jezi depi Galile yo. Yo rete ap swiv Jezi jis nan dènnye bout.

15,42 : Lè aswè rive... Jou saba pral kòmanse epi jwif yo pa gen dwa fè okenn travay, Jozèf, moun Arimati a, te prese al mande kadav Jezi pou li antere l, paske kadav yo pa t gen dwa

Kavo a vid

Mt 28,1-8; Lk 24,1-12; Jn 20,1-10

Mt 28,
1-8;
Lk 24,
1-12;
Jn 20,
1-10;
Mk 14,8
Jn 11,38

16 ¹Lè jou saba a te fin pase, Mari, moun Magdala a, epi Mari, manman Jak, ak Salome, te achte losyon pou y al pase sou Jezi. ²Premye jou semèn nan, granm maten, y ale nan kavo a, etan solèy te deja leve. ³Youn t ap di lòt: « Kilès ki pral woule wòch nan bouch kavo a pou nou? » ⁴Yo leve je yo, yo wè wòch la te deja woule, li te gwo anpil. ⁵Antan y ap antre nan kavo a, yo wè yon jennonm ki te chita adwat, li te abiye ak yon wòb blan. Sezisman pran yo. ⁶Li di yo: « Nou pa bezwen pè. N ap chèche, Jezi, moun Nazarèt, yo te kloure sou kwa a? Li leve byen vivan, li pa isit la. Men kote yo te mete li a. ⁷Men, al di patizan l yo, ak Pyè, li pran devan nou pou l al Galile. Se la nou va wè l, jan li te di nou an. » ⁸Yo kouri sòti nan kavo a. Reyèlman vre, yon latranblad ak yon sezisman te pran yo. Yo pa di pèsonn anyen. Yo te pè toutbon.

T Ap
1,10;
Ap 7,9

T Ap
2,23;
3,15;
4,10

Jezi ki leve byen vivan parèt vizib

Mt 28,10s; Jn 20,11-18

Jn 20,
11-18

⁹Leve li leve byen vivan, granm maten, nan premye jou semèn nan, li parèt anpremye devan Mari, moun Magdala a. Se nan li, li te chase sèt

demon an. ¹⁰Li pati al pote nouvèl la bay sila yo ki te avè l yo, ki te nan lapenn, ap kriye. ¹¹Yo menm, lè yo tande l ap viv, epi li te fè l wè li, yo pa kwè.

¹²Aprè sa menm, li parèt sou yon lòt fòm devan de ladan yo, antan yo t ap mache pou y al andeyò. ¹³Sila yo al pote nouvèl la bay lòt yo. Yo pa kwè ni sa yo tou. ¹⁴Andènye, li parèt devan Onz yo antan yo te atab. Li repwoche yo pou jan yo pa gen lafwa, ak pou jan kè yo di, paske yo pa t kwè moun ki te wè l yo, apre li te fin leve byen vivan sòti pami mò yo. ¹⁵Epi li di yo: « Al sou tout tè a. Anonse Bòn Nouvèl la bay tout kreyati. ¹⁶Moun ki va kwè epi ki va resevwa batèm va sove. Moun ki p ap kwè, yo va kondane l. ¹⁷Men siy ki va mache ak moun ki va kwè yo: Nan Non mwen y a chase demon, y a pale lòt kalite lang, ¹⁸y a kenbe sèpan ak men yo si yo ta bwè pwazon li p ap fè yo anyen, y a poze men yo sou malad epi y a vin byen. »

Lk 24,
13-35

Lk 24,
36-49;
Jn 20,
19-23;
1Kor
15,5

Mt 28,
18-20

T Ap
2,38;
16,31

Lk 10,17;
9,10;
T Ap 24;
8,7;
14,3;
19,6;
1Kor
14,2

T Ap
28,3

¹⁹Granmèt Jezi, apre li fini pale ak yo, monte nan syèl la, li chita adwat Bondye. ²⁰Yo menm menm, yo pati al preche toupatou. Granmèt la ap travay ak yo, l ap bay Pawòl la fòs nan mirak k ap mache ak li.

Lk 24,
50-53;
T Ap 1,
4-14

rete sou kwa a jou saba a (Detewonòm 21, 22.33).

Menm jan yo simen grenn nan tè, se konsa tou yo mete kò Jezi nan kavo pou yon kreyati tounèf jèmen (Jn 19,31 ; 12,24).

16,2: *Premye jou semèn nan...* Depi leve byen vivan Jezi a, se jou sa a kreyen yo chwazi pou yo bay Bondye glwa ak lwanj chak semèn, se dimanch. Se yon kreyasyon tounèf ki kòmpanse, tankou nou te wè premye kreyasyon an nan Liv Jenèz.

16,5: *Yo wè yon jennonm ki te chita adwat, li te abiye ak yon wòb blan...* abiye an blan: koulè laviktwa nètale sou tout fòs lanmò.

16,8: Yo kwè Lavanjil Mak la te fini nan vèsè 8.

Yo te ajoute mòso sa a apre. Yo te ajoute l pou li te kapab sanble ak twa lòt Levanjil yo, paske Levanjil Mak la te fini yon jan dwòl.

16, 15: *Anonse Bon Nouvèl la bay tout kreyati.* Se semans nan ki pral simen sou tè a, epi ki pral donnen fwi nan tout aktivite moun yo lè Jezi ap tounen.

16,17: *Men siy ki va mache ak moun ki va kwè yo...* Liv Travay Apot yo rapòte kèk nan siy ak mirak nan premye tan Legliz la. Jounen jodi a, Lespri Jezi ki leve byen vivan kontinye ap fè mirak tout kote kreyen yo pran misyon evanjelizasyon an oserye. Yo vin frè ak sè. Kominyon sa a se pi gran siy ki montre Peyi kote Bondye Wa a ap boujonnen sou tè a.

BLANK PAGE 94